

Bekamal

2

GGG: Genjer, Gundha,
Semanggi

13

Pincukan Tawon ala
Mbah Adon Novi

34

EDISI 26

Januari - Desember 2025

ISSN 2088-0529

Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adeg Jejege Jati Diri Bangsa

MAJALAH BASA USING



BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR



Lontar Using



Bekamal

2 Buku-buku Anyar Ring Taun 2025

WikiKathā : Dokumentasi Lema Basa Using kanggo Kamus Digital Wiktionary

Reportase: Nur Holipah

3

Umah Adat Using Ring Cerita Anak 'markas Anyare Bayu'

Dr. Rachmaniah Mirza Hariastuti, M.Pd.

5

ASILE 'SEKOLAH' RING KAMPOENG BATARA

Dr. Rachmaniah Mirza Hariastuti, M.Pd.

9

GGs: Genjer, Gundha, Semanggi

Mbok Alipah

13

Teka Dongeng Dadi Cerita Cendhek

15



Kelendi Asile Festival Literasi Using 2025?

24

Virgia Hasan: Dum-dum Kamus

28

Gurit

Andi Sep Kurniawan Nur Holipah

29

30

9 Ngadeg Jejeg Basa Using ana ring Literasi Generasi

Peneruse

Kang Ipul

31

Angklung Caruk Bades Jaya Angklung Caruk Legendaris

Moh. Syaiful

32



Pincukan Tawon ala Mbah Adon Novi
Novi Susanti

34

Cerndhek

Beluluk, Ciplukan

Nh Alipah

35

Bung! Bung! Bung!

Andi Sep Kurniawan

39

Kabotan Memengan

Qonita Ruby Humaira

41

Nilai Budaya Using ring

Buku Cerita Anak

Bergambar

Terbitan Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur: Bucu Sawange Shalom H.

Schwartz

Elvira Damayanti, Dyah

Werdiningsih, Ari Ambarwati

44

TTS

48



Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adeg Jejege Jati Diri Bangsa
MAJALAH BASA USING



Uluk Salam

Wis emeh pungkas umure 2025! Ulan Desember wis teka. Emeh wayahe salin penanggalane. Ucap syukur kudu digangsaraken, enget kabeh pegiyetane Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur bisa kelaksan dadi lan apike.

Setaun jاملeng, iwuhe BBPJT nana agope. Gena BBPJT tambah parek nyang sapa-sapa kelawan sepisan dulekan, nung Instagram @balaibahasa.jawatimur uga wis nyedhiani wacanan (*konten*) kaya tah: Jawa Timuran, Serambi Literasi, Sastraloka, Undagi, Munsyi, Jula-Juli, Peribahasa, lan Kasada.

Belegere Basa Using ring taun iki, tambah moncer. Paran maning, ring bungase taun rungu gok lema-lema (ucap) Using arep dilebokaken Wikimedia kelawan ana suwarane. Emeh kaya kamus audio! Sapa wonge hang sing girang, merga iki nduduhaken dalane ginau tambah padhang.

Uga, sing lali, ngucapaken seru mongkoge kanggone pegiyetane dulur-dulur ring Banyuwangi kana uga nana agope. Nerbitaken buku, hang dilakoni Sengker Kuwung Belambangan (SKB), tetembangan, tari, lan seni budhaya hang wis merana-merana. Muga-muga tambah rumang.

Wiji didhedher ditingguli kelaras
Sukete milu-milu merujuk dhuwur
Mugi-mugi padha seger waras
Mapag tekane rongewu nemlikur

Made Oktavia Vidiyanti



Redaksi: M.Oktavia Vidiyanti



Penanggung Jawab: Puji Retno Hadiningtyas
Pimpinan Redaksi: Made Oktavia Vidiyanti
Penyunting Bahasa: Naila Nilofar
Tata Letak/Desain Grafis: Oky Narna Putra
Sekretariat: Maria Magdalena

📍 Balai Bahasa Jawa Timur - Jalan Gebang Putih No.10, Kel. Keputih, Kec. Sukolilo, Surabaya
☎️ 031-5925972
✉️ oktaviavidiyanti@gmail.com
🌐 www.balaibahasajatim.kemdikbud.go.id

Bekamal



Akeh panganan khas Using Banyuwangi kang wis kesuwur nggadug negara manca. Taping ana siji panganan asli Using kang wis arang pati tumon diedol matenge ring warung sega. Anane mung diedol mentak ring warung-warung. Malah wong Using dhewek ana bain kang sing weruh nyang aran Bekamal. Mula panganan siji iki wis akeh kang lali. Taping kanggo kang doyan, Bekamal mestine tetep dadi panganan paling enak nomer siji.

Bekamal iki melebu panganan ekstrim kang digawe teka ati sapi. Atine sapi dirageni lan diinepaken (difermentasi). Merga gawene suwi, bekamal iki regane rada larang lan melebu panganan mewah utawa istimewa kanggo wong tani utawa masarakat biyasa.

"Jare cerita, kawitane iku wong-wong bengen kadhung duwe gawe ngawinaken, nyunati yara mbeleh sapi, yaiku serang akehe iwak (daging) sapi temune direka-reka olahe makene keneng dilawasaken. Jaman bengen madak ana kulkas. Atine sapi mauka dirageni, ditutup rapet, diinepaken sepasar, aju dipepe sampek sod banyune, dadi bekamal wis", jare Rasuli pedagang lan tukang gawe Bekamal ring desa Kemiren.

Saiki arang uwong gawe Bekamal. Merga jaman saiki uwong pating duwe kulkas. Daging lan ati sapi bisa diparoti rada lawas. Mulane wong-wong saiki

Bekamal Kuliner Using kang Emeh Ilang

sengka gawe Bekamal. Taping kanggo wong tuwek utawa kang doyan sing kira ninggal olah Bekamal kanggo acara-acara penting kaya lebaran, selamatan, lan liya-liyane. Sing kathik ruwed mbekamal dhewek, taping bisa tuku nyang pedagang utawa pengrajin bekamal.

Bekamal bisa diolah ragi merna macem, sak sire kang olah. Salah sijine olah Bekamal yaiku diragi bawang. Bekamal diiris cilik-cilik, diekum ring wedang, aju dietus. Bawang abang, lobok lithik, ranti digerus, digerengseng, Bekamal diceburaken. Ditambahi banyu saklumur, diuled, diolah sampek mateng. Rika bisa bain nambahi ragi versi rika dhewek.

Ring jaman bengen wong tani kerep olah bekamal merga ragine gampang kanggo wong medhok. Malah kanggo wong medok kang sing sangu ragi, bekamal cukup diopor bain sing kathik tambahan ragi. Ditutulaken sega anget, windhul wis.

Carane nggawe Bekamal, kawitan ati sapi dikumbah sampek rijig. Diuled ambi uyah, gerusan bawang putih, diwadhahi ditutup rapet, diinepaken limang dina-limang bengi. Dikelanthang ring panasan ambi diwolak-walik garinge makene rata.

Madhang jangan Bekamal bisa nambani kangen nyang jaman bengen, jaman-jaman bangete mangan Bekamal bareng ambi keluarga kang saiki adoh ring kana utawa keluarga kang wis sing ana umur. Rika bisa nyacak gawe Bekamal dhewek utawa kepingin kang gampang tuku ring pedagang lan tukang gawe Bekamal.



WikiKathā : Dokumentasi Lema Basa Using kanggo Kamus Digital *Wiktionary*

Reportase: Nur Holipah

Hing kabeh uwong bisa ginau lan belajar teka buku. Saikine, lare enom-noman, wong tuwek, sasate mesti nyekel HP. Paran-paran nyageraken HP. Mula ya sing bisa dipenggak maning, uwong nggoleti paran bain anggare liwat internet. Jare, dhung

sing ana ning internet, kala-kala malah dianggep singana.

Jare Bang Taqiuddin teka Pengurus Besar Aliansi Masyarakat Adat Nusantara (PB AMAN), Bahasa Using iku dadi Bahasa Besar mulane sampek seperene magih ana.

Manggon ring Kedaton Wetan Kemiren, iwuhe Wikimedia Indonesia hang megawe bareng ambi AMAN ring Banyuwangi diangkati Sabtu, 29 Nopember 2025.

Ana sangang (9) bahasa hang dadi sasaran kanggo pegiyetan iki. Antarane: Bahasa Balik (ibx), Bahasa Sasak (sas), Bahasa Using (Osing, osi), Bahasa Kutai (Tenggarong /vkt utawa Kota Bangun (mqg)), Bahasa Isam, Bahasa Punan (Punan Merah (puf), Punan Merap (puc), utawa Punan Tubu (puj)), Bahasa O'hangana Manyawa, Bahasa Sakai lan Bahasa Talang Mamak, Bahasa Orang Rimba.

Mula Basa Using wis duwe kode internasional yaiku [osi] ring Wikimedia. Temune, kanggone nambahi lema wis kari input. Mangka AMAN hang salah sii kekerepane masilitasi dulur adat kanggo ulih pengakuan hukum salah sijine liwat program iki. Basa-basa lan ucap masyarakat adat hang durung ulih pengakuan hukum utawa keseren, diweni panggon kanggo tampil.

“Kadang ahli bahasa tidak seluruhnya berhasil mengidentifikasi bahasa di seluruh dunia. Melalui kegiatan ini, harapannya pengetahuan yang dimiliki masyarakat bisa ada di internet,” gedigu jelentrehe Bang Taqi wayah ngemblang lawang kawitan.

“Ya emane bain wis duwe kode internasional. Mulane kari nambahi lema-lema bain. Muga dadi apike,” abane Wiwin Indiarti Ketua Pengurus harian AMAN OSING.

Penutur Jati akehe wong sepuluh.

Suwarane direkam nyang Wiki, saben ucap hang wis dipilih kelawan Seleksi Lema. Seleksi Lema Hasan Basri lan Nany Asiany MS teka Dewan Kesenian Belambangan (DKB), Venedio Nala teka AMAN OSING, uga Sengker Kuwung Belambangan (SKB). Dene lema-lema hang wis kepilih, direkam suwarane kelawan Penutur Jati antarane: Haidy Bing Slamet, Ahmad Ali Murtono (Kenthus), Adi Purwadi (Kang Pur), Muhammad Ikhwan, Mbah Rahman, Sarino, Samsul Lasmidi, Ilham Saifulloh, Nur Holipah lan Heni Kurniawati. Saben Penutur Jati iki uga wis dipasangaken ambi penginput siji-siji. Saben penutur jati lan penginput duwe tugas ngelebokaken rekaman suwara 200 ucap.

Ring Wiki, buru ana 51 Halaman alias ucap Using kang wis kecathet. Alihe wis akeh lema Using hang kaya ring Kamus Using Indonesia hang wis disusun ruwahe Hasan Ali. Instruktur ditekakaken teka Wikimedia pusat (Jakarta). Ana Rafif Aufananda teka Wikimedia Indonesia lan Ulum Rafika teka Wikimedia Surabaya.

Masiya wis pungkas pegiyetan ring tanggal 29 lan 30 Nopember, sapa-sapaa bisa tetep nulungi lan dadi kontributor ring Wikimedia. Temune, hing mandeg nung pegiyetan hang diacarani bain. Liya dina, tetep bisa nginput sak akeh-akehe gena tambah akeh hang kecathet ring Wiki.#

UMAH ADAT USING RING CERITA ANAK 'MARKAS ANYARE BAYU'

Dr. Rachmaniah Mirza Hariastuti, M.Pd. – Dosen UNIBA

Wayah maca buku cerita anak hang ditulis Holipah hang judhule Markas Anyare Bayu (BBPJT 2024), aju sun takon-takoni, apuwa sih hang ditulis bab Umah Using?


“Maune judhule Umah Junjungan, aju diuwah dadi Markas Anyare Bayu ya merga sak perlu cerita anak hang berjenjang,” gedigu abane Holipah wayah ditakoni apuwa gok nulis bab umah Using.

Hing kabeh lalare weruh kelendi umah Using hang 'kuna'. Merga wis ana umah Using taping pelasterane wis hing lemah maning, wis disemen, dipelester utawa ditehel. Ana uga hang wis hing nganggo gedhek, merga ditembok.

“Maune, umahe Apak iku, dibata mung wates ngisore dhengkul. Mendhuwure disambung gedhek. Asale, bengen tepak mbangun, batane sing cukup,” jelentrehe Holipah, bangete ditakoni kelendi asale ulih ide nulis Markas Anyare Bayu.

Merga sedinane urip ning umah junjungan, kanggone Holipah, sing usah kathik riset seru-seru. Mungne, ya tetep kudu takon-takon nyang bapake, jare. Setemene kelendi sih Umah Using iku?

Umah aseli hang dipanggoni Wong Using magih bisa rika temoni ana ring desa kaya




Kemiren, Glagah, Licin, Rogojampi lan ring desa liyane. Umah Using duwe arsitektur hang sing kari sara. Umah Using disangga 4 saka utawa ugar-ugar hang disambungaken nganggo paju (pasak pipih) gantine paku. Dhuwurane (atape) nganggo genteng kampung lan paceke latare magih wujud lemah. Lan maning magih nganggo tes-tesan (sekat/temboke) arupa gedhek.

Umah



Gambar 1 Umah Using disawang teka ngarep

Umah Using ana telung macem, miturut wujud bagiyane ndhuwure (genteng/atap) lan akehe rab-e, yaiku Cerocogan, Baresan lan Tikel Balung. Cerocogan iku wujud maceme umah Using hang paling sederhana, merga mung duwe rab hang akehe loro. Baresan nduweni rab akehe telu, utawa bisa pisan diarani Cerocogan, mungne ulih tambahan sak rab kanggone dadi benture utawa terase umah. Tikel Balung, utawa wong Using ngarani Umah Tikel nduweni rab akehe 4, uga keneng diarani Cerocogan hang ketambahan rong rab kanggo bentur ngarep lan mburitan.



Gambar 2 Maceme Atap Umah Using (Nurdik, 2010)

Umume, umahe masyarakat Using, ruangan ring jero umahe wis dibagi teka ngarep memburi yaiku bəale' (balai/serambi/ruang tamu), jerumah/jerone umah (ruang tengah &

kamar), uga pawon (dapur). Bəale' umume kanggo ngelajokaken dhayoh lan kanggo gesah-gesahan ambi tangga teparo. Antarane bəale' lan jerumah, paceke diwatesi lawang. Lawang iku mauka dadi tenger gok liyane hang duwe umah, sing ulih ana hang melebu nyang jerumah. Jerumah paceke panggon kanggo leyeh-leyeh, istirahat lan kumpul ambi keluarga. Nduduhaken mula jerumah panggon duwene hang duwe umah (wilayah pribadi).



Gambar 3 Contoh Bəale' ring Umah Using



Gambar 4 Contoh Jerumah ring Umah Using

Pawone (dapur) wong Using, umume magih nganggo bengahan. Pawon ana ring mburi umah lan digawe jembar makene sing angel ubete wong hang olah-olah.



Gambar 5 Contoh pawon ring Umah Using

Umah Using iki bisa dibongkar pasang. Mergane ngedegaken umah Using mung nganggo paju (pasak pipih dari kayu) lan sing perlu paku.




Gambar 6 Rangka Bongkar Pasang Umah Using

Umah Using sing duwe langit-langit (plafon). Iku kabeh merga wong Using dhemen dhung jerumahe kerasa seger tanpa ana alangan langit-langit (plafon).

Serehne iku, rangka ndhuwurane disangga kayu hang diarani saka (soko). Saben umah, pasti ana 4 saka, dhawane ana gok 3 meter. Nduwurane umah Using hang disangga kayu-kayu muka, ditutupi genteng kaya ana ring gambar ngisor iki.



Gambar 7 Rangka Langit-langit Umah Using



Gambar 8 Komponen Umah Using

Saka dadi penyanggane penglari. Kayu dhawa ring hang paling ndhuwur umah, diarani Suwunan. Ana 2 kayu liyane sak padha ambi suwunan tapi rada endhep, iku arane penglari. Karo, penglari iku muka disambungaken nyang 2 kayu hang miring sakpadha nyang suwunan, diarani ampik-ampik. Pucuke penglari disambungaken ambi suwunan jejeg lurus ambi lambang, diarani ander. Ngisore lambang, ana kayu hang diarani jait pendek yaiku hang nyambungaken saka ngarep nyang saka mburi. Serehne ngisore penglari disambungaken uga ana jait dhawa yaiku hang nyambungaken saka kiwa lan saka tengen. Bagian ngarep lan mburi umah Tikel duwe ngduwuran hang disangga kayu, hang diarani saka tepas. Saka tepas ukurane lebih cilik timbang saka ring jerumah, lan nyangga kayu ndhuwuran, diarani gelandar.


Dhawane kayu lan werane penampang kayu hang dienggo duwe dhasar dan kesesuaian lan keserasian. Contone geidigi: kanggo nggawe siji umah Using hang werane 13 meter x 13 meter, perlu saka hang dhuwure (dhawane kayu)

4 meter lan permukaan kayu 26 cm x 26 cm, penglarine 13 meter, lambange digawe 28 cm x 26 cm. Kadhung werane tanah hang arep didhegaken umah Using saya ciyut, perlune kayu uga bisa disuda. Tegese, kabeh-kabeh dipadhakaken ambi keperluan. Kelendi cocog lan serasine. Contone maning gedigi: kanggo gawe Umah Using ukuran 6 meter x 10 meter, butuh saka ukuran 16 cm x 16 cm, penglari werane 16 cm x 18 cm, lambang wera kayune 18 cm x 16 cm, jait pendek wera kayune 16 cm x 14 cm, ander werane 14 cm x 12 cm, suwunan werane 12 cm x 12 cm, lan sak piturute.

Ander iku kayu hang jejeg lurus ambi lambang. Dhawane ampik-ampik (kayu hang ndadekaken wujud pesagi ring ndhuwuran)



Gambar 9 Ander



Gambar 10. Ander lan Ampik-Ampik

Dhawane ampik-ampik bisa diputusi teka dhawane genteng hang arep dienggo. Kadhung gentenge dhawane 26 cm lan dienggo sewelas genteng dhung saben ampik-ampik, dhawane ampik-ampik yaiku 286 cm.



Gambar 11. Genteng ukuran 26 cm ring Ampik-ampik

Ampik-ampik karo, ditemukaken mulane pucuk ngisore digawe se-dhawa kaya lambang hang wis digawe. Iku uga dadi dhasar kanggo dhawane ander, yaiku kayu hang jejeg lurus teka ampik-ampik teka ndhuwur nyang lambang.

Sak sing-singe, Holipah wis nulis bab Umah adat Using gena lalare weruh kelawan maca bukune. Nawi tah ana hang durung tau melaku-melaku nyang 'desa' aju nuluh kelendi Umah Using iku.

ASILE 'SEKOLAH' RING KAMPOENG BATARA

Dr. Rachmaniah Mirza Hariastuti, M.Pd. – Dosen UNIBA

Standar Kompetensi Kerja Nasional Indonesia (SKKNI) kanggo fasilitator pendidikan masyarakat adat ana ring rangka keputusan menteri ketenagakerjaan nomor 233 tahun 2024 (Menaker, 2024). Ana pitu hang kudu dibisani fasilitator pendidikan masyarakat adat, yaiku: (1) nyampekaken paran iku masyarakat adat; (2) nyadhari pantang larang masyarakat adat; (3) ngelakoni aturan noring masyarakat adat; (4) nganggo bahasa dhaerah; (5) mujudaken wigati lan keterampilan kanggone masyarakat adat; (6) nganakaken pendidikan masyarakat adat; uga (7) nguweni kaweruh pembelajaran kanggo masyarakat adat.

Masiya durung dilakokaen pen lagotane durung ana instrumen kanggo urusan mbiji lan sakpiturute, anane fasilitator mestine wis pegiyetan ring sekolah adate dhewek-dhewek. Mula, aju diperlokaken *identifikasi praktik baik* hang wis kelakon makene keneng dienggo gambarane Kementerian Kebudayaan kaitane ambi kahanan nyatane *pelaksanaan pendidikan masyarakat adat*.

Kementerian Kebudayaan megawe bareng ambi Sekolah Adat Kampoeng Batara Papring Banyuwangi Selasa-Rabu, 7-8 Oktober 2025. Kanggo juger-juger apa tah wis adoh lan jeru ulihe mahami babakan adat istiadat hang uwis lan arepe disampekaken kanggo anak putu.

Tim hang milu megawe ana 9 lembaga, antarane 20 fasilitator dari Sekolah Adat Kampoeng Batara, 10 fasilitator Sekolah Adat Pesinauan, 2 fasilitator Sakola Satanean, 5 penggerak Plataran Seni, 2 penggerak Parasbatu, 4 penggerak Art BWI, 2 penggerak Sanggar Bagaskara, 4 anggota Perempuan AMAN, dan 4 mahasiswa Universitas PGRI

Banyuwangi. Kabehe ana sekitar 54 uwong..

Narasumber ana teka budayawan dan akademisi. Ana lima narasumber hang ngewarahi bab SKKNI lan budaya Banyuwangi. Antarane: bapak Aekano Hariyono (budayawan Banyuwangi), bapak Suhaimi (ketua adat Using Banyuwangi), bapak Drs. Hasan Basri, M.Pd. (ketua Dewan Kesenian Blambangan Banyuwangi), ibu Nur Holipah S.Pd. (guru lan pegiat Bahasa Using di Banyuwangi), serta ibu Dr. Rachmaniah Mirza Hariastuti, M.Pd. (dosen lan anggota tim penyusun kurikulum Sekolah Adat Kampoeng Batara). Saben narasumber diwatesi hing lebih teka 45 menit kanggo nyampekaken materine.

Materi kawitan, bab *praktik baik fasilitator sekolah adat* lan standar kompetensi husus hang kudu diduweni fasilitator. Materi dijelentrehaken ibu Rachmaniah Mirza Hariastuti.



Gambar 1. Materi Kurikulum lan SKK Fasilitator Pendidikan Masyarakat Adat - ibu Rachmaniah (dokumentasi pelaksana kegiatan)


Kepindho disampekaken bapak Suhaimi, bab *informasi dasar masyarakat adat dan pantang larang dalam masyarakat adat*. Peserta diweni penguatan bab pengertian lan pentinge pendidikan masyarakat adat. Sakliyane iku, peserta ya dikancani kanggo

ngenget-enget maning hang dadi 'paran-paran hang ulih lan sing ulih dilakoni'.



Gambar 2. Materi Pendidikan Masyarakat Adat lan Implementasi Pantang Larang oleh Bapak Suhaimi (dokumentasi pelaksana kegiatan)


Materi hang nomer telu teka Ketua Dewan Kesenian Belambangan (DKB) Hasan Basri. Uwonge njelentrehaken lakune pendidikan masyarakat adat hang ana kaitane ambi *standar kompetensi kerja fasilitator kaping lima lan enem yaiku keterampilan penyelenggaraan masyarakat adat dan pendidikan masyarakat adat*. Dijelasaken keelndi pendidikan adat hang nyawange nyang *budaya lokal, inklusif, partisipatif, nuluh nyang hak masyarakat adat, uga intergenerasional*.



Gambar 3. Materi Penyelenggaraan Pendidikan Masyarakat Adat oleh Bapak Hasan Basri (Dokumentasi Pelaksana Kegiatan)


Nomer papat, ana materi teka bapak Aekanu Hariyono babakan aturan ring masyarakat adat, uga *keterampilan dan pelaksanaan pendidikan masyarakat adat*.

Disampeken kelendi aturan-aturan nung Wong Using lan kanggone ring sedina-dinane.



Gambar 4. Materi Implementasi Norma dalam Masyarakat Adat oleh Bapak Aekanu Hariyono (Dokumentasi Pelaksana Kegiatan)

Pungkase materi ditutup ibu Nur Holipah sekeliweke Lisan lan Tulisan bahasa Using. Holipah ngenalaken kaweruh hang paling dhasar, kelendi bidhane Lisan lan Tulisan ana ring bahasa Using. Kelendi Basa Using iku duwe diftong, umlaut, palatal, lan glotal.



Gambar 5. Materi Lisan lan Tulisan Bahasa Using oleh Ibu Nur Holipah (Dokumentasi Pelaksana Kegiatan)


Sak pungkase kabeh materi disampeken narasumber, peserta kabeh didum nyang kelompok aju rembugan bareng merga ana tugas hang kudu dimarekaken. Kabeh dijuluk rembug, paran hang uwis lan durung dilakokaken ring masyarakat adate.




Gambar 6. Diskusi Kelompok dikancani saben Narasumber (Dokumentasi Pelaksana Kegiatan)

Ring dina Rabu (8 Oktober 2025), asil diskusi ring dina Selasane disampeken aju digesahaken bareng ambi kabe kelompok. Temakaken, masyarakat adat ana hang kemisosolen wayah dijuluk nuliskan budaya kang ana ring wilyahe. Temune ya kkudu ana kolaborasi antarane masyarakat adat lan akeh pihak, kaya akademisi wayah proses dokumentasi lan penulisan budaya.

Mung 9 teka 37 tulisan hang cocog ambi perintah tugase. Gambar 7 ngisor iki nduduhaken asile peserta nulis naskah lagu anak-anak berbahasa Using hang dienggo wayah memengan (a) lan gendhing kang dinyanyekaken tepak arepe beruwat nyang sawah (b). Karo, durung ana dokumentasi husus sak cara nggendhingakene kelendi.



(a)




(b)

Gambar 7. Lagu Anak-anak Hasil Identifikasi Budaya oleh Peserta (Dokumentasi Pelaksana Kegiatan)

Gambar 8 nduduhaken asil juger-juger bab adatane masyarakat hang durung didokumentasikaken. Gambar 8(a) nduduhaken "selamatan kolok", yaiku selamatan wong bengen wayah anak lanange arepe disunat, kelawan mbeleh pitik jago hang wulule abang. Getih pitike dideleh takir. Dicepakaken kembang telon kanggo ngedusi lare hang arepe disunat.

Gambar 8(b) nduduhaken adat Madura hang arane "rokat" utawa "selamatan pandebe", yaiku selamatan kanggone wong hang duwe anak jenis kelamin urutan husus. "Pandebe" utawa "ponjen" dalam adat Jawa. Anak ontang-anting (lanang utawa wadon) arane *pandebe macan*. Anak loro padha (karo-karone lanang utawa wadon) arane *pandebe penganten*. Dene dhung anak loro lanang lan siji wadon utawa sak walike, arane *pandebe ranganteng*. Hang gedigu, kudu dirokat.



(a)

(b)


(c)

Gambar 8. Adat Istiadat Hasil Identifikasi Budaya oleh Peserta (Dokumentasi Pelaksana Kegiatan)

Gambar 8(c) nyeritakaken kahanan wayah umah-umah. Wong lanang diweni umah, tegese wong lanang dadi *simbol pengayom*. Serehne hang wadon diweni aren lan jembung tegese kudu ngelayani wong lanang sak apik-apike. Liyane iku, ana hang njelentrehaken wayah ndeleh jenang maneka kelir wayah selamatan, mungne durung ditulis lan dijelasaken miji-miji. Penulis mung

nulisaken, jenang cemeng ana ring elor, kuning ring kulon, ijo ring tengah, putih nang wetan, jenang abang ring kidul.

Gambar 9(a) njasaken bab "ngeruwat" atau "ngelukat", ngerijigi awak teka bala utawa sengkolo. Setemene, turunan teka agama Hindu. Mung dhung nung Using dipungkasi kelawan "siraman manten" dadi tenger ngeruwat. Masiya tah, karo iku duwe tujuwan lan proses hang bidha. *Siraman manten* diartekaken proses anak pamit nyang wong tuwek sak durunge ngelakoni umah-umah. Dene ruwatan tegese mbuwang apes. Masiya emeh padha, taping pelaksanaan lan uba rampene bidha.




(a) (b)

Gambar 9. Adat Istiadat Hasil Identifikasi Budaya oleh Peserta (Dokumentasi Pelaksana Kegiatan)

Gambar 9(b) nyeritakaken adat istiadat hang dilakoni dadi syukur, urmat, kanggone ngerumat alam. Ana mudhun lemah kanggone bayi umur 7 - 8 bulan. Bayi dilungguhaken ring lemah makene weruh nyang bumi. Tradhisi iki tetenger njaluk selamat, sehat lan ngangen supaya si bayi uripe ya apik.

Jenang abang anggere ana ring selamatan, dadi tengere sosok 'ibu', welas asih, lan lila. Ana sega golong, akehe 9 golong. Sanga dadi perlambange lancar lan sempurna. Tegese, kelendi urip gena kelakon jembar lan ayem.



(a) (b)

Gambar 10. Adat Istiadat Hasil Identifikasi Budaya oleh Peserta (Dokumentasi Pelaksana Kegiatan)

Gambar 10(a) njelentrehaken maceme tanduran hang dienggo tamba. Kaya gedeboge gedhang kanggo nambani rambit, bobohan lan lenga gas wayah lare kadheman, bawang putih wayah ngelu, godhong suruh wayah lara mata.

Gambar 10(b) nulisaken *pantang larang*. Kaya tah, lare wadon ilok-ilok dhung lungguh ring ceracabane lawang merga kaya nampik jalukan. Nyapu sing ulih wayah bengi, merga ya mbengi wayahe wong ngepos, istirahat. Ngelungguhi bantal ya ilok-ilok, nggarahi udunen. Ale, tegese ya bantal kudune dienggo kaya gunane.

Kabeh hang 9 iku mauka mula durung karuan benere, merga durung ditakokaken nyang sesepuh adat. Mungne dhung dadi pengetahuan umum, paceke ya akeh benere, akeh diturut merga wewarahe dadi cekelan kanggo ngelakoni urip sedinane.

GGG: Genjer, Gundha, Semanggi

(Mbok Alipah)

Taun 2014, ana GGS hang tegese *Ganteng-Ganteng Serigala* (serial TV). Taping GGS ring kene dudu iku ya! Aju paran?

Elet buru mari tandur, semasa nganteni pari melecuti, paceke akeh *gulma* hang nggarahi wong tani kudu gancang matun. *Gulma* arupa perujukan nyelempit ring elete pari hang durung sampek melecuti. Kaya tah wewehan, apon-apon, jawen, suket grinting, gundha, semanggi lan genjer.


Kanggone wong tani, perujukan suket iki mau kudu agage diwatun. Utawa, disemprot nganggo *herbisida*. Kadhung digeningaken, bisa nggarahi parine gering. Iki ya bisa nggarai ulihe nggampung mbisukane esod. Mula dadi wong tani kudu tangar nyang *hama* (wereng, walang, tikus) lan *gulma* hang kaya kasebut ring ndhuwur mau.

Naming, kaya genjer, gundha, lan semanggi, wis anjerah dipuputi aju diolah janganan. Embuh iku dikulub, dikukus ditutulaken sambel utawa dieseng-eseng. Kaya genjer bisa dipilih lan dipethik hang magih kudhup, enom hang kembang durung mekar. Kala-kala uga ana hang seja mbedholi gundha, sak oyode aju diuntingi diedol ring pasaran. Serehne semanggi bisa diperuti, diedol matengan wis pincukan.

Genjer, gundha lan semanggi, godhonge pada-pada kalise. Naming, uwite bida, lan gampang ditengeri. Kaya genjer, *struktur* gagange emeh kaya bentul (lompong),

kembang kuning. Gundha godhonge emeh kaya kangkung taping ciyut. Gagange gundha ya uga emeh kaya gagange genjer. Kembang putih ring pucuke, lan kala-kala bisa metu empange. Serehne semanggi, uwite nyelolor, merambat oyode ngerekeb ring njero kedhokan.

Genjer



Genjer umume ya dikulub. Ana hang didadekaken kerawu, didadekaken janganan musuhe rujak lonthong, utawa dieseng-eseng. Kadhung dieseng-eseng, ragine gampang kaya ragi sambel, seru gampang yara? Kaya rika arep olah sambel ika. Taping sing kathik ranti utawa tomat. Rika bisa nyepakaken: lobok cilik 3, bawang putih 2 siyung, bawang abang 4 bungkul, terasi, uyah, gula sak cukupe.

Kethoken genjere rada cendhek. Aja lali dikumbah ring banyu mili. Indelen panci aja lali diwantoni banyu sak cukupe. Ambi nganteni banyune gemulak, gerusen ragi hang wis rika cepakaken mau ring cuwek. Sing usah kari alus seru.

Genjer hang wis rijig mau diwedangi/dialupi kelawan dilebokaken nyang banyu gemulak. Aja lali tepak gedigi, kempore agage patenana sulung gena genjere sing kari ludhuh. Apuwa perlu diwedangi sulung, iki makene rasa genjere sing kari letih. Kadhung wis rada kiles keneng banyu gemulak, gage etusen nyang irig lan ambi rada diperes makene genjere temenan etus.

Indelen wajan ring ndhuwur bengahan, wenana lenga keletik sithik. Kadhung wis panas, lebokena ragi hang wis alus mau. Ragine digerengseng sampek langune bawang dadi rada arum. Aju lebokena genjer hang wis atus. Amba digalo makene ragine uled.

Wenana banyu sukur cacab-cacab bain kadhung rika dhemen nganggo kokoh. Sing usah kari suwi, tilikana rasane. Kadhung wis enak, kari ngentas. Kembang eseng-eseng genjer buru mudhun teka wajan bisa rika musuhaken ambi sega kanggo sarapan.

Gundha



Gundha uwite merenco-merenco. Emeh kaya bayem. Oyode putih njergubud, dudu akar *tunjang*. Kadhung gundha ya umume dikulub ditutulaken sambel ucek. Gundha kari dikethok oyode aju dikulub. Gundha hang enom hang durung metu kembang, anggare ngulube sing usah suwi.

Kelendi ragine sambel ucek? Lobok cilik, lobok jawa, terasi, uyah lan gula sithik, mariku dikeceri jeruk sambel. Wih mari-mari seger! Musuhe bisa ambi tempe tah tahuk goreng, utawa ambi iwak asin. Segane lepah buru ngentas teka sublukan. Terang nggarahi rika imbuh-imbuh, sing cukup nampa aren mung sepisanan.

Semanggi



Ring Surabaya, ana Pecel Semanggi hang diperuti teka tegalan utawa rawa hang garing. Dikukus sak ganggange, aju disuguhaken ambi sambel pecel kacang dicampur sawi. Kadhung ring Banyuwangi, semanggi anggare ana ring kedhokan. Dikukus dibuwang gagange (ana hang dhemen dikulub, dikukus gena sing mbelkenyek), aju cocoge ditutulaken sambel sere.

Kelendi olah sambel serene?

Lobok litik, terasi, uyah lan gula pasir sak jumput, sere rong lonjor dijuwut empol putihe dirajang rada tipis, lan aja lali belimbing wuluh telu sampek lima. Engetana, sing usah kathik bawang.





Teka Dongeng Dadi Cerita Cendhek

Kemah Cerpen 2025 mangkat kawit dina Minggu, 9 Nopember 2025. Dianakaken telung dina ring Swiss Belinn Manyar Hotel. Ana lare papat wakil SD-SMP teka Basa Using. Teka SD ana **Keyra Febrisa Wardani** murid kelas 5 teka SDN 1 Pakistaji lan **Aisha Nada Nahdliyina** murid kelas 4 teka SDN 1 Tamansuruh. Kang teka SMP diwakili **Anggun Aulia Pratama Putri** murid kelas VIII teka SMPN 2 Cluring lan **Sifa Zullianti** murid kelas VII teka SMPN 1 Singojuruh. Para wakil teka Banyuwangi iku 'ketiban sampur' merga menang dadi juwara I lan II lomba FTBI Kabupaten bidhang Cerita Cendhek. Nong iwuhe Balai Bahasa Jawa Timur iki wakil teka Basa Using kecaruk ambi kanca-kanca peserta perwakilan teka Jawa lan Madura.

Ring acara Pembukaan kepala Balai Bahasa Jawa Timur, **Puji Retno Hardiningtyas, S.S., M.Hum** ngumumaken tantangan. Ring Kemah Cerpen 2025 iki saben peserta kudu nggawe rong judul cerpen, pendamping kudu nulis sak judul lan uga nerjemah cerpene para peserta. Bedane saiki ambi taun kepungkur waktune lebih sedhilut, pendamping siji ngeladeni lare loro, pendamping uga nulis cerita lan nguwah nyang Bahasa Indonesia cerita asile nulis ring Kemah Cerpen.

"Taun iki guru pendamping kudu nulis cerita cendhek. Ketang-ketang sak judul. Makene sing lanyah ngongkoni muride bain. Mulih teka kemah makene pinter kaya muride." Abane Bu, **Puji Retno Hardiningtyas, S.S., M.Hum** nong acara

pembukaan.

Dikawiti dina Minggu acara pembukaan lan materi. Antarane materi Cara Menulis Cerpen yang Baik - Narko Budiman (Ki Sudrun), Jawa; Cara Menggali dan Memilih Tema disampeken Mat Toyu, Madura; ditutugaken Anjrah Lelono teka Jawa hang njelentrehaken Alur lan Penokohan; aju ana Alipah Alipuk (Using) nerangaken bab Pilihan Kata lan Gaya Bahasa, hang pungkasan ana Mudhar (Madura) mbujar bab Cara Merangkai Kalimat & Paragraf. Diterusaken dina keloro nggarap tugas. Dipungkasi penutupan ring dina ketelu, Selasa 11/11/2025.

“Bu, isun kepingin ceritane kang keloro iki beda ambi kang sijine. Arep nulis pengalaman Kemah Cerpen, taping durung mari acarane. Sing jangkep yara ceritane. Nulis ceritane kewan ulihah, Bu? Kadhung nak nulis *fabel* kelendi carane?” takonane salah siji peserta kemah nyang guru pendamping nong sesi nggarap tugas.

Nadha celukane **Aisha** **Nada Nahdliyina** murid kelas 4 teka SDN 1 Tamansuruh konsultasi ambi pendamping kanggo ngerancang cerita. Judul kang kawitan 'Sing Getun' ide ceritane teka pengalaman iyane dhewek. Nyeritakaken *kesuksesan* lare sekolah kang patheng belajar lan nurut nyang wong tuwek. Kanggo rancangan judul kang keloro iyane kepingin cerita kang beda. Kepingine tokoh kewan kang tambeng. Merga pendamping tugase akeh pisan, kahanan kepeped pungkasane Nadha diduduhi *video* dongeng *fabel*. Dasare lare mula duwe bakat nulis cerita, teka *video* bisa dadi cerita cendhek kang runcud.

Masiya tugas teka Balai kudu nulis ring kertas folio, Nadha sing gelem nulis ring kertas. Alasane tangane gelis gagem lan sing omes koncar-kancir salah nulis. Murid kelas 4 teka SDN 1 Tamansuruh iku duwe ide nulis ring pesan singkat nganggo HP. Dicil sak paragraf, dikirim nyang pendamping. Sampek ceritane tutug lan dijuduli 'Jagir Karipan'. Kang isine nyeritakaken Jagir kewan anake kebo kang sungkanan. Wekas ceritane yaiku ngajari lalare makene sing nyager-nyageraken pitulunge wong liya. Ide ngetik ring HP teka 'Si Unyil' celukane Nadha merga iyane dadi peserta paling cilik lan paling enom nyatane bisa ngenthengaken tugas pendamping.

Ring materi Kemah Cerpen kang disampeken Ki Sudrun Narko Budiman nggolet ide cerita iku bisa teka endi bain. Antarane teka pengalaman awak dhewek, teka kedadean ring lingkungan, riset bisa teka internet, lan sakpiturute. Pokoke gelem ngereken utawa peduli sing kira kurang ide cerita.

Ring pungkase waktu nggarap tugas kabeh peserta teka using SD lan SMP saben lare ngasilaken rong judul cerita cendhek. Saben pendamping SD lan SMP uga ngasilaken sak judul. Totale kabeh ana sepuluh judul lan uga diuwah nyang Bahasa Indonesia kabeh. Bubar Kemah peserta teka Banyuwangi sing duwe tanggungan, lunas dibayar tantangane Bu kepala Balai Bahasa Jawa Timur. Mulih Kemah Cerpen kabeh peserta nggawa ati girang lan mongkog pastine.


BUKU-BUKU ANYAR RING TAUN 2025

Suwene 2025, akeh buku-buku anyar hang ditulis wong Banyuwangi aju nambahi sugih sumber wacan kanggo sapa bain.

ANTOLOGI PUISI: IBU BUMI: SRITANJUNG BANYUWANGI (PEBRUARI 2025)

Ibu Bumi: Sri Tanjung Banyuwangi, guritan hang ditulis telulukur penulis iki, dipeleciraken Jemuwah, 7 Pebruari 2025 manggon ring Laboratorium Sejarah UNTAG. *Inisiator* Forum 28 Muttafaqur Rohmah, hing mung nyeja nekakaken Samsudin Adlawi (Direktur Utama Radar Banyuwangi), tapi uga ngundhang Hasan Basri (ketua Dewan Kesenian Belambangan) lan Fatah Yasin Noor (Sastrawan Banyuwangi) husus kanggo nggesahi lan muruki kelendi kudune nulis puisi.

"Puisi ini ditulis oleh perempuan, tentang perempuan. Sama halnya, kita bertanya kepada ikan bagaimana bunyi kecipak sayap ikan di laut? Ikan akan balik bertanya, lho kenapa itu ditanya ke saya? Itu kan jadi kebiasaan saya," jelentrehe Samsudin bangete diskusi. Wekase gedigi, aja sampek nulis puisi mung sewates paran hang dadi anjerahe. Kadhung kepingin gurit hang *spesial*, kudu bisa metu teka garis lan pager *kebiasaaane*. Saben penulis gurit uga duwe gaya bahasa dhewek hang sing bisa



dipadhakaken ambi wong liya.

Samsudin nguwani gambaran gok ana papat maknawi puisi, (1) Ekspresif, (2) Reflektif, (3) Filosofis, (4) Futuristik. Telulukur penulis gurit Ibu Bumi Sritanjung Banyuwangi, kari ngira-ngira ana ring *kamar* hang endi puisine.

"Lebih baik menulis puisi di kertas, agar riwayatnya bisa ditelusuri. Banyak coretan, kata apa diganti apa bisa kelihatan, dan di situ proses Anda belajar. Kalau diketik di gadget, jejak salahnya langsung hilang." Wekase Samsudin maning.

Serehne jare Fatah Yasin Noor, *banyak perasaan yang bisa diwakili satu kata. Kata memang punya irama. "Ini diwakili satu puisi bergaya tipografi yang hanya menggunakan satu kata untuk menggambarkan yang mungkin penulis*

ingin sampaikan bahwa Banyuwangi dari utara sampai ke selatan menjiwai Sritanjung."

Kadhung Hasan Basri gayeng nggesahi lan nguweni akeh *gambaran* dak akeh cerita tutur/cerita lisan hang ngistimewakaken perempuan. Pada kaya konstruksi perempuan ring Banyuwangi hang nguweni panggon *perempuan* hang *digdaya*.

Ring jaman saiki, hing salah dhung ana ujaran gok perempuan adalah *makhluk multitasking*. Tangane nyandhak korah-korahan, mejikom wis cemethet, ring kompor tahu digoreng wis kemeronyes, serehne kum-kuman kumbahan nung timba kaya melung-melung wis njaluk diuleg-uleg. Gedigu yara gambarane?

Liyane mikiraken lobok bawang hang saya larang, perempuan nung buku Ibu Bumi: Sritanjung iki nyatane tetep bisa nulis. Ngungkapaken perasaan hang nung donya nyata durung kecungghah. Liyane pikir tugas lan kegiatan sekolahan, ya kalingana magih kober nulis. Merga ana uga penulis perempuan hang magih lare sekolahan.

Sapa bain penulis nung buku Ibu Bumi: Sritanjung Banyuwangi? Ana Muttafaqur Rohmah, Nurul Ludfia Rochmah, Desy Ariani, Nur Holipah, Hardjani, S.S., , Dra. Dyah Dhomi Eko Wulandari, El Kamalin, Elvry Mayluxsi Haviva, Fiya Qutrunnada, Kanti Rahayu, Mutiara Nurinda Amira Azhra, Nadira Andalibtha, Nani Asiany Ms, Niqoyatuh Ardillah, Nuchbah Baroroh, Nuhbatul Fakhroh Maulidia, Rachmawati, Retno Herlina K, Rini Dianingrum S.Pd., Rizca Eka Ria Prastica, Rizmada Azzahra, Rulita Octania, Silviana Firnanda, Siti Rohmatin Nasilah, Hj, Sri Rahayu, Tirta Baiti Jannah, Nur

Khofifah, Wahyi Dwi Ulfa, Widi Nugrahani, Yunita Ratnasari, Yusmia Widiastuti.

BUKU-BUKU BASA USING (SEPTEMBER 2025)

Akeh ubah, saya sagah. Iwuhe Sengker Kuwung Belambangan (SKB) mula ana sakat 2014, seperene. Jare Antariksawan Jusuf (ketua SKB), embuh ana hang nyawang tah using, hang penting pegiyatane keneng disandhing. Kelawan akehe buku, Basa Using munggah pangkate. Seperene, SKB nyatane tetep omes ngerumat Basa Using kelawan nerbitaken buku-buku hang dadi sumber wacanan.

Sengker Kuwung iku lair untuk hidup, dudu lait untuk mati. Gedigu abane Yon DD wayah nyekel mik, ngawiti omonge.

Enem, pitu, wolu, kaya neja dipilih gena saya ayu. Nana hang nunggali maning.

WAWARAH PELUNCURAN BUKU

BANYUWANGI MECAH REKOR!

6 SEPTEMBER 7 PENULIS 8 BUKU

NUR HOLINAH • SATRIA PUWANGGA • KANG UJIK • MOH. SYAFUL • ANTARIKSAWAN JUSUF • KANG ANSORIK • WANPU REZI



SABTU TANGGAL 6 SEPTEMBER 2025 PUKUL 12:00
NIDOM COFFEE STATION, JL. HOS COKROAMINOTO 71 BANYUWANGI

SENGKER
KUMBUH BELAMBANGAN

Apuwa gedigu? Dina Sabtu, tanggal 6, ana 7 penulis, hang nyelameti laire 8 buku. Paran bain bukune?

1. Sewelas Taun, kumpulan cerita cendheke Nur Holipah (penerbit Dispussip).
2. Lembayung Sak Unting, kumpulan cerita cendheke Satria Pujangga (penerbit Dispussip).
3. Ontrang-Ontrang Langit Payaman novele Kang Ujik (penerbit Dispussip lan Sengker Kuwung Belambangan) wis nampa hadhiyah Anugerah Sutasoma kaping 17 teka Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur, 15 Oktober 2025.
4. Agul-Agul Belambangan novel sejarah cetakan kepindho Moh. Syaiful hang wis nampa hadhiyah Rancage ring taun 2017.
5. Mulih, kumpulan cerita cendheke Antariksawan Jusuf
6. Juger-Juger Basa Using, kumpulan artikel Antariksawan Jusuf
7. Ngutugi Ati, kumpulan gurit Ansorik
8. Lili lan Lintang, kumpulan cerita cendheke Rizki Wahyu Kurniani (guru SD Kalipuro)

Wayah rembugan nung acara Peluncuran Buku, Fatah Yasin Noor ngomong gok Basa Using enake ya nung gesah-gesahan. Aju jare Yon DD, uga ngomong padha. Wayah dienggo gesah, wenak. Dhung wis ditulis, aju diwaca, kerasa kurang enak.

Aju ditanggepi Kang Ujik enget nyang sejarah Basa Using kudu ditulis. "Perjuwangane Pak Hasan Ali lan liyane kepingin Basa Using diakoni minangka basa dhewek naming kudu ana karya sasterane,

anabuku tata bahasane, kamuse. Iku kabeh ya kelaksan kelawan ditulis. Kaya dene: Anakisun nomer loro wetenge lara ketungkul luru poh. Ucap loro, lara, luru, mesthi kudu dibedakaken gena sing salah tampa.

Balik maning nyang ucape ketua SKB, kadhung ana hang nentheng-nentheng hang dilakoni SKB direken salah, gancang balesen nganggo buku!


NGERUMAT SUMBER (OKTOBER 2025)

Ring Kamus Using Indonesia hang disusun ruwahe Hasan Ali, ngerumat asal ucape /rumat/ hang tegese *merawat, mengurus, memelihara*.

Jare Wiwin Indiarti (editore), ngerumat sumber dudu mung abrag-abrag belarak. "*Bukan semata ajakan ekologis, melainkan*



winindarti



Buku-buku

perjalanan menyusuri arus ingatan yang mengalir dari satu generasi ke generasi berikutnya. Di setiap pancaran air yang jernih, tersimpan kisah-kisah lama tentang leluhur yang menanam hutan dengan doa, tentang larangan membuka lahan demi menjaga keseimbangan semesta, tentang bayang gaib yang sesekali menyapa di permukaan bening sumber. Di mata air itulah, adat bukan sekadar aturan, tapi arah; ritual bukan sekadar upacara, tapi penjaga batas antara yang kasat mata dan yang tak terucap," gedigu jelentrehe Wiwin.


"Buku ini merekam bagaimana masyarakat Adat Osing memahami air bukan hanya sebagai kebutuhan jasmani, tapi juga sebagai narasi spiritual, identitas kolektif dan perpaduan ekologis. Ia menjahit kembali rajutan antara alam dan manusia, di mana ekologi dan kebudayaan saling menopang dalam satu tubuh yang disebut Ibu bumi," abane Wiwin nutugaken.

Jajang dudu sembarang tanduran. Jajang milu nyangga sumber, pengikat tanah, penyejuk udara, bahkan sumber sandang, dadi sumbere pangan, didadekaken papan panggonan, pekakas lan energi. Buku Ngerumat Sumber wis dipeleciraken 4 Oktober 2025 ring Pesinauan Sekolah Adat Osing.

Sakdurunge buku iki dipeleciraken, ana Ginau Sumber teka Praktisi Bambu, Bengkel Hijau Indonesia, Alwi Pucang, Sabtu, 20 September 2025

BIA DAN KAPAK BATU, INTAN ANDARU (OKTOBER 2025)


Seru mongkoge wayah rungu aran Intan Andaru meleciraken buku anyare maning: Bia dan Kapak Batu. Buku hang diterbitaken Gramedia Pustaka Utama iki, wis dibedah ring



Bulan Bahasa & Sastra hang dianakaken Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur, Selasa 28 Oktober 2025 sore.

Bia dan Kapak Batu ditulis merga Intan suwi gok *pengabdian* nung wetan kana. iki temakaken nduduhaken gok wong Asmat, dhung arep njaluk (melamar) tetengere bisa nganggo kapak batu.

Uripe wong Asmat iku sugih budhayane. Taping tantangan sosiale ya akeh. Dudu merga kolot hing bisa nampa paran-paran hang 'anyar' taping *tertutup* iku kanggo njaga welurine leluhure. "Niat apik bain hing cukup, kudu dipastekaken gok niat apik iku bisa



temuju lan gadug nyang paran hang dikarepaken," abane Intan.

Dokter lan penulis kelairan Banyuwangi wis akeh buku novele. Kaya tah: *Namamu dalam Doaku* (DivaPress, 2015); *Teman Hidup* (DivaPress, 2017); *33 Senja di Halmahera* (Gramedia Pustaka Utama, 2017); *Kami yang Tersesat di Seribu Pulau* (DivaPress, 2018); lan sing kelalen novel hang latar panggone Banyuwangi kahanan 1998 bangete rame, kelawan judhul 'Perempuan Bersampur Merah' (Gramedia Pustaka Utama, 2019).


Cerita cendheke kelawan judhul 'Sekarang Gaharu untuk Bivak Paling Ujung' hang nyeritakaken eksploitasi menungsa lan alam Papua ndadekaken iyane diceluk dadi Penulis ring *Emerging Ubud Writers and Readers Festival* (2021). Saikine iyane ya tetep nulis masiya ibuk nutugaken sekolahe nung sepesiyalis bedah urologi.

TOPONIMI WILAYAH DI KABUPATEN BANYUWANGI (NOPEMBER 2025)

Dinas Perpustakaan dan Kearsipan mituhu nguataken karep ring pelestarian budaya lokal kelawan literasi nggelar "Bimbingan Teknis (Bimtek) Kepenulisan Konten Lokal" suwene ring tanggal 6, 20 lan 27 ulan Mei kepungkur. Ana 100 peserta teka maneka siswa, mahasiswa, guru, pegiyat literasi sampek masarakat umum hang miloni kegiatan iki kelawan semangat hang padha, njugeri lan nulisaken maning sejarah kawitane aran panggonan ring bumi Belambangan.

Dispussip nekakaken Drs. Suhalik, peneliti sejarah Banyuwangi njelentrehaken bab "*Sejarah dan Dinamika Penamaan Tempat*" hang mbahas bab "*toponimi sebagai bagian dari mitos, legenda dan nilai-nilai lokal*".

Hervina Nurulita, M.A., dhosen sejarah nyangoni kaweruh nyang peserta bab "*Konsep dan Metode Kajian Toponimi*" kelebu pisan



Buku-buku

"teknik pengumpulan data dan validasi sumber".

Dene Direktur Radar Banyuwangi, Samsudin Adlawi, S.Pd., penulis lan praktisi media, ngewani arahan ring bab *"Teknis Menulis dan Narasi Lokal"* kelawan gaya penulisan hang menarik tanpa kelangan akurasi.

Aju tanggal 5-6 Nopember sore iki, Bedah Bukune wis dianakaken, kelawan nyeluk pembedah antarane Dr. Agus Mursidi, S.Pd., M.Pd. lan M. Hidayat Aji Ramawidi, M.M., M.Pd.

Penulise hang akehe 100, didum rong dina. Mula buku Toponimi iki seru kandel, 552 halaman kabehe. Ana hang nulis kawite desa, kecamatan, banyu (kali/sungai) lan panggon hang duwe cerita sejarah. Dijelentrehaken asal-usule, embuh iku teka

bahasane kaya Using, Jawa, Madura utawa pengaruh bahasa Belanda lan Sansekerta.

"Bukan hanya kaya akan keindahan alam dan budaya, tetapi juga menyimpan jejak sejarah yang terekam dalam nama-nama wilayahnya. Nama-nama tempat yang kini terdengar akrab di telinga masyarakat menyimpan cerita, legenda, hingga catatan kolonial yang membentuk identitas kawasan ini dari masa ke masa," abane Yusup Khoiri wayah mari acara bedah buku.

"Melalui pendekatan linguistik, historis, dan antropologis, buku ini mengajak pembaca menelusuri kisah di balik nama-nama yang mungkin selama ini dianggap biasa. Dengan menyusun dan menganalisis data toponimi, buku ini juga membuka cakrawala baru mengenai identitas lokal, mobilitas penduduk, dan dinamika sosial budaya di Banyuwangi. Di balik nama seperti "Balak", "Glenmore", "Parangharjo" dan "Patoman", tersimpan kisah peradaban, perpindahan, perjuangan, dan harmonisasi antaretnis," jelentrehe Yusup Khoiri maning.

KUMPULAN CERITA CENDHEK BASA USING 'LEROBAN' (NOPEMBER 2025)

Rungu Leroban, mestine aju enget nyang jangan hang putih tapi dudu nganggo santen hang isine bisa sembarang, kaya ontong ambi pakis.

Buku iki wis dipeleciraken, ring Kantor Kecamatan Banyuwangi sak elore kantor DPRD Kab.Banyuwangi, Minggu 30 Nopember 2025, Iwuh Gedhe Sastera Using bareng ambi nggesahaken buku Agul-Agul Belambangan (Moh. Syaiful) lan Ontrang-Ontrang Langit Payaman (Kang Ujik).

Buku iki ditulis 23 penulis basa Using kelebu lare SD, SMP lan SMA. Lalare



BEDAH BUKU KOLEKSI PERPUSTAKAAN DAERAH TAHUN 2025

Pembedah

Dr. Agus Mursidi, S.Pd., M.Pd.

M. Hidayat Aji Ramawidi, M.M., M.Pd

Tanggal

5 -6 November 2025


Aula Dispusi Banyuwangi



[dispusi Banyuwangi](#)

[dispusi pbwi](#)

[dispusi pbwi](#)



sekolahan iki setemene dudu wong anyar ring donya sastera Using. Rata-rata tau dadi juwara nulis ring Festival Literasi Using lan tau milu Kemah Cerpen hang dianakaken Balai Bahasa Jawa Timur ring Surabaya.

Sapa bain hang milu melingsing lengene kanggo isi buku Leroban? Iki daptare:

1. Asipah – Ahmad Muzakky
1. Sing Getun – Aisyah Nada Nadliyina
2. Wekase Welas – Antariksawan Jusuf
3. Baong Angger Ulan Sura – Arif Abdur Rahman
4. Ganda Arum ring Pawon Using – Bety Lutviyanti
5. Sepidhah Listrik – Fika Makia Ayunita

6. Wurung Dadi Nahkoda – Heni Kurniawati
7. Kudu Bangkel Apa Seneng – Istipadah Hamid
8. Sepuluh Rupiah Kenthing – Kang Ujik.
9. Ulan Andhung-Andhung – Jasmine Azzalea Khoirunnisa
10. Uwoh Ajaib – Lindsay Mikeyla
11. Ilang Siji, Elom Loro – Marisa Safa Azzahra
12. Dikeroyan (Dikerubung Jak Kakehan) – Mohamad Novi Yusup
13. Kuburan Lancing Perawan – Moh. Syaiful
14. Wak Abbas – Muttafaqur Rohmah
15. Dawa Dungus – Nur Holipah
16. Kucing Cilik Dikurungi – Oyek Setro
17. Kelas Mambu – Qonita Ruby Humaira
18. Lara Sesigar – Rohma Niyah
19. Wekas Hang Pungkasan – Satria Pujangga
20. Tukaran Aran – Siti Maesaroh
21. Ngerundhuk Cuba – Taufiq Saleh
22. Bathang – Vika Varia Matovana
23. Belimbong – Wahyu Rizki Kurnaini

Liwat kumpulan tulisan Leroban iki, mandar muga bisa saya nggawe sastera Using kemeromong lan njaga urube semangat generasi mbisuk kanggo tetep nguri-uri basa warisane embah buyut.

KELENDI ASILE FESTIVAL LITERASI USING 2025?

Kaya hang uwis-uwis, para pemenang Festival Literasi Using hang wis dilakoni ring Sabtu, 1 Nopember 2025 diceluk nyang Surabaya sak perlu nampa hadhiyah teka Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur. Manggon ring Hotel Santika Premiere Gubeng, *selebrasi* Festival Tunas Bahasa Ibu (FTBI) dianakaken Sabtu, 8 Nopember 2025. Mula hing kabeh diundhang, diwakili lalare hang ulih juwara 1 ring pitung mata Lomba. Dene hadhiyahe, BBPJT nguweni nyang juara I, II lan III.

Kanggone kontingen Basa Using (Kabupaten Banyuwangi), ditekakaken dina Sabtu. Dene hang Madura lan Jawa magih kudu tandhing maning, mulane ditekakaken sakat Kamis, 6 Nopember 2025.

Ring ngingsor iki asile Lomba ring Festival Literasi Using 2025:

Nulis Aksara

JUARA I - Tinnaka Aknini Magfiroh SDN 2 Gintangan

JUARA II - Nafiri Elisa SDK Santa Maria

JUARA III - Balqis Astila Rahma SDN 1 Kampunganyar

JUARA HARAPAN 1 - Diendra Yusuf Dwi Agustiawan SDN 4 Kalibaru Manis

JUARA HARAPAN 2 - Abel Permata Sari SDN 5 Genteng Wetan



Nulis Cerita Cendhek

JUARA I Keyra Febrisa Wardani SDN 1
Pakistaji
JUARA II Aisyah Nada Nahdliyah SDN 1
Tamansuruh
JUARA III Bilqis Zenora Aisyah Winarno
SD NEGERI 3 Sepanjang
JUARA HARAPAN 1 Shakila Anindita
Ramadhani SDN 2 Gintangan
JUARA HARAPAN 2 Najmi Amiiroh SDN
2 Alasmalang

Pidhato

JUARA I Annora Hanifa Firmala SDN 1
Licin
JUARA II Aqila Najwa Rahmadani SDN 1
Pakis
JUARA III Aleeya Anjelita Clairine SDN 2
Aliyan
JUARA HARAPAN 1 Dwi Anggraini SDN
1 Bedewang
JUARA HARAPAN 2 Revanda Rizki
Ahmad Dani SD Darussalam

Ngewer

JUARA I Ulan Pancar Sari SDN 3
Rogojampi
JUARA II Muhammad Dwi Ravaturrahman
SDN 1 Kaotan
JUARA III Farhan Asshiddiqi SDN 1
Kedayunan
JUARA HARAPAN 1 Alike Putri Meysa
SDN 1 Sukomaju
JUARA HARAPAN 2 Narendra Praja
Bimantara SD Negeri 2 Balak

Nembang

JUARA I Putri Qoireen Khumaira

Herlangga SDN 1 Rogojampi
JUARA II Kirana Sasy Andriyani SDN 3
Wringinputih
JUARA III Azhka Nathan Prayogo SDN 2
Karangmulyo
JUARA HARAPAN 1 Aisyandra Nur
Syakila SDN 4 Kebaman
JUARA HARAPAN 2 Shefty Anggraini
SDN 2 Balak

Maca Gurit

JUARA I Nabila Umaira Bramanta SDN 4
Penganjuran
JUARA II Wasis Mufidah Al-Awfa SDN 3
Rogojampi
JUARA III M. Abidzar Alghifari SD
Darussalam
JUARA HARAPAN 1 Shinta Olivia Febiati
SDN 3 Taman Agung
JUARA HARAPAN 2 Meyza Putri Hamid
SDN 7 Ketapang

Ndongeng

JUARA I Novi Jasmin Al Marista SDN 2
Sumberagung
JUARA II Ahdini Nasha SDN 3
Macanputih
JUARA III Aysha Ayudia Adeeva SD
Negeri Model Banyuwangi
JUARA HARAPAN 1 Ratu Wikrama
Wardani SDN 1 Sukonatar
JUARA HARAPAN 2 Rati Nur Khalifah
SDN 2 Aliyan

Memengan Sandhiwara

JUARA I (Kecamatan Glagah)
Rizqi Wulandari SDN 5 Tamansuruh
Abdul Hafidh Mahardika SDN 2
Tamansuruh

Adiba Cahya Larasati SDN Glagah
Ricky Mahadika SDN Olehsar
Azza Alif Amirullah SDN Bakungan
Tisna Ayu Lestari SDN 1 Rejosari
Selvi Citra Safila SDN Kenjo

JUARA II (Kecamatan Sempu)
Mirza Izzatul Zarra SDN 2 Gendoh
Naisila Biva Anna Zuwa SDN 3 Karangsari
Arum Meyla Bekti SD Negeri 3 Karangsari
Abidzar Azka Al Gifran SDN 2 Karangsari
Anindya Fauziah SDN 1 Temuguruh
Cristian SD Negeri 4 Gendoh
Raisya Ana Badriah SDN 1 Gendoh

JUARA III (Kecamatan Banyuwangi)
Daffa Adiba Yafi Aqsatha SDN MODEL
Banyuwangi
Achmad Gibran Pratama SDN Kepatihan
Citra Adelia Lestari SDN 3 Singotrunan
Intan Ayu Agustina SDN 1 Kertosari
Mahwndra Bachtiar SDN 2 Kertosari
Nafisah Azahra Salsabilla SDN 4
Penganjuran
Rena Maulida SDN Sobo

JUARA HARAPAN 1 (Kecamatan Kalipuro)
Fairus Gina Maulida SDN 2 Kelir
Intan Cahya Ramadhani SDN 2 Kelir
Amira Nadivatus Zahra SDN 2 Kelir
Muhammad Raditya Anugerah SD Negeri 2 Kelir
Abidzar Felix Maulana SDN 2 Kelir
Renna Amelia Ananta SD Negeri 2 Kelir

JUARA HARAPAN 2 (Kecamatan Srono)
Thifal Habib Maulana SDN 3 Sukomaju

Langgeng Aji Pangestu SDN 3 Sukomaju
Aqila As Zahra SDN 1 Sukonatar
Felycia Khanza Julynda Raesha SDN 1
Sukomaju
Muhhammad Dafa Syahputra SDN 3
Sukonatar
Muhamad Ardan Evansyah SDN 2
Sukomaju
Bilqis Dwi Rahma Damayanti SDN 2
Sukonatar

Pemeran Utama Pria
Abdul Hafidh Mahardika SDN 2
Tamansuruh
Pemeran Utama Wanita
Adiba Cahya Larasati SDN Glagah

Penata Artistik Terbaik: Jalaran Wit Kelor
KKG BAHASA USING Glagah
Sutradara Terbaik: Prahara KKG BAHASA
USING Sempu
Penata Musik Terbaik: Menungsa hang
Bermanfaat KKG BAHASA USING
Tegaldlimo

Tingkat SMP

Nulis Aksara

Juara 1 Ahmed Fahrizi Paythoni - SMPN 2
Banyuwangi
Juara 2 Farhan Kaisaro Sezilian - SMPN 2
Srono
Juara 3 Najwa Lutfi Rahmadani - SMPN 2
Glagah
Juara 4 Yurika Cahaya Meirlin - SMPN 2
Cluring
Juara 5 Aqila Keiyisa Zatarani - SMPN 1

Licin

Ndongeng

Juara 1 Graceylla Alley Nadyne CP - SMPN 5 Banyuwangi

Juara 2 Raeesa Tazkiya Zahra - SMP Bustanul Makmur

Juara 3 Iklima Chalya Sofira - SMPN I Singojuruh

Juara 4 Akilah Bilah Izzah - SMPN 1 Bwi

Juara 5 Sabilla Trusmi Mudai'm - SMPN 2 Srono

Ngewer

Juara 1 Achmad Fikry Setiawan - SMPN 3 Rogojampi

Juara 2 Achmad Dil Royyani - SMPN 5 Banyuwangi

Juara 3 Damar Putra Cahyadi - SMPN 1 Banyuwangi

Juara 4 Abdul Malik Zaini - SMPN 2 Kabat

Juara 5 Niswatun Aqila - SMPN 2 Srono

Pidhato

Juara 1 Arayo Datan Pratama - SMPN 3 Rogojampi

Juara 2 Shasi Syafira M - SMPN 5 Banyuwangi

Juara 3 Vania Zerlindah - SMPN 2 Rogojampi

Juara 4 Jasmine Azzalea K - SMPN 1 Banyuwangi

Juara 5 Febianti - SMPN 2 Srono

Maca Gurit

Juara 1 Istiqlal Syukri Ahmad - SMP Bustanul Makmur Genteng

Juara 2 Lintang Airlangga Setyano - SMP Muhammadiyah 7

Juara 3 Elvyra Carysta Jahro - SMP Kader Adz Zikra Banyuwangi

Juara 4 Kayla Soleha Budi - SMPN 2 Banyuwangi

Juara 5 Nur Zahwa Adila Jelita - SMPQ Safinda

Nembang

Juara 1 Cinta Qieta Berliana Putry - SMP Muh 7 Sempu

Juara 2 Angelica Herenda Praminta Sari - SMPN 2 Gambiran

Juara 3 Aerilyn Bellvania Pramestia Kirana - SMPN 3 Banyuwangi

Juara 4 Zalika Navra Enggah Rahayu - SMPN 1 Kabat

Juara 5 Ambriel Bima Mandala Putra - SMPN 1 Licin

Nulis Cerita Cendhek

Juara 1 Anggun Aulia Pratama Putri - SMPN 2 Cluring

Juara 2 Sifa Zulliyanti - SMPN I Singojuruh

Juara 3 Abel Rahmahdani - SMPN 4 Bwi

Juara 4 Venisa Anindyta - SMPN 3 Rogojampi

Juara 5 Fatma Faikhotul Z - SMPI Sunan Gunung Jati

VIRGIA HASAN: DUM-DUM KAMUS

*Gagah-gagah lan ngganteng, ayu-ayu kemuning
Jejer-jejer ring panggung pilihan raja lan ratu
Si jebeng thulik lik lare Using
Jebeng thulik, lare Using
Ring panggung adu gaya
Pating eksen mesam mesem
Nganggo kelambi tata busana
Adate wong Banyuwangi
Si jebeng thulik lik lare Using
Jebeng thulik, lare Using*

Tugelane gendhing Jebeng Thulik ciptaane Pak
Fatrah Abal


Lalare lancung perawan hang milu pemilihan Duta Daerah Kabupaten Banyuwangi 'Jebeng Thulik', dina Jemuwah 28 Nopember 2025 ulih pembekalan materi teka ketua Dewan Kesenian Belambangan (DKB) Hasan Basri babakan Basa Using. Kelendi Basa Using dadi cirine masarakat Banyuwangi, uga kelendi Basa Using mengarepe.

Manggon ring kantor Dinas Kebudayaan dan Pariwisata (Disbudpar), hing mung Hasan Basri, ana anake ruwahe Hasan Ali (penyusun Kamus Using). Virgia Hasan hang penyanyi uga model, dina iku hing mung ngancani para calon 'Jebeng Thulik', taping uga dum-dum kamus.

"Ruwahe Apak iku enthegan tangane. Hing tau nak munggah alem," gedigu abane Virgi ambi ngengeti Pak Hasan Ali.

Abane Virgi ring pucuke postingan instagrame gedigi:

*Geruyu ana ring banyu
Emak ilik celukane Bibik
Sagah lan ayu-ayu
Lancung perawan Jebeng Thulik*



Aban-Aban Melarat

Guritane: Andi Sep Kurniawan

Ana ring bale desa, aban-aban miber kayatah panah kaelomen
Tangan-tangan padha gemeriyek, matane padha nuntut, kaya-kaya dunya iki nduwe utang gedhi.
Kabeh padha nggicus, padha ruwed, padha sulung-sulungan ngatokaken dak iyane uwong sing nduwe.
Ale tangan pecake ngempit picis magih anter ambune.

Ana hang teka aban-aban,
Kelambine anyar, lenga wagine magih semebar.
Lambene entheng kadhung semaur,
Tangane nadhong njaluk pitulung, naming jangkahe cepet ring pasar.
Kabeh surak-surak kaya-kaya urip paling apes, paling melarat cicir nong iyane,
Nora nyadhari kadhung awake kurang sukure.

Magih akeh hang melarat taping meneng bain, sing aban-aban kaya manuk emprit.
Dibelani tangi sakdurunge serngenge merkingking, ngurubi angen cagere urip.
Sing ana hang weruh kelendi iyane ngurip-uripi dunyane, ngelawan nasib hang sing ngerti karepe.
Iyane nyadhari, awake kemulan isin, sing pantes urip nak ngemis
Merga Gusti Pengeran mesti gampang ngedumaken rejekine.

Uwong sing nduwe, mula tah kudu surak-surak sing nduwe?
Aju kelendi uwong-uwong sakat lair hang sing bisa ngomong?
Aju kelendi uwong-uwong hang sakat lair sing weruh padhange hawa?
Kudu nempuhi sapa? Kadhung sing awake hang kudu ajeg.
Mulane urip nguweni cerita berkahe dunya ana ring uwong hang gelem nerima.

Kala-kala, uwong keliru milih dalan,
Milih semaur kemeriyek, nguber-uber, ngarep-ngarep hang durung pasti.
Aju megawe hang pateng, isin ambi sikil lan tangan hang keneng dienggo tandang.
Ale kabeh wis ana pak-pakane dhewek, sing kira ilang utawa keoper.
Rejeki lan pati wis ana garise, mung nasibe menungsa hang kudu diuber.

Gurit

KETANG

Guritane : Nur Holipah

Lakune hang nurut galur,
telikasa ya magih galir
Ring dina-dina hang wis mungkur,
aja ana semaya hang mungkir

Ring kana kariya barak sorote damar hang nyentor
Ring kene apuwa kari nganthor-nganthor?
Aju engkapan gelis gadug?
Ale wayah wis emeh ngarepaken bedhug,
apuwa magih mamang panggon njujug?

Aja maning takon wigati
Magih tah gelem nggoleti?
Magih tah gelem mbelisaki?
Magih tah gelem ngujeti?
Magih tah gelem mbiyaki?
Gelem tah naleni?

Ring umahe dhewek gok kiyep?
Apa tah wis wayahe sirep?
Apa tah merga akeh hang sing karep?
Utawa kerana hingana hang gelem lan arep?

Ketang ambegan kaya wis supek
Kebelebed kemben kariya nekek
Gorokan ya kaya kebagleg
Pikiran wis getuh lan buthek

Tunjungan, 26 Nopember 2024

UMPAMA

Guritane: Nur Holipah

jangan serentelan, jangan lebaran
bengahan Adon
kayu rencek diobong
banyu diangsu, geni angel ketunu


panggon cerita nana
ring galare pelanca
iluh ditadhahi morong

kopi sak uyup
wewarahe angger murub
paran hang kegayuh, sapa kudu weruh?
ketungkul gesah, cecek lali nggesuh

Anang Ajin, saya merdepe donya
mung Ndika hang sun karepaken ana
,umpama.

Giri, 1 Desember 2024

Gurit



Nur Holipah lair ring Banyuwangi, 11 Desember 1995. Alumnus Fakultas Ekonomi, Universitas Negeri Malang. Saiki mulang ring SMP Negeri 1 Banyuwangi. Bisa gesah liwat akun instagram @nengholip

Ngadeg Jejeg Basa Using ana ring Literasi Generasi Peneruse

Kang Ipul

Ana hang gawe mongkog serta milu nekani ring “Iwuh Gedhe Sastera Using” hang dianakaken SKB (Sengker Kuwung Belambangan) 30 Nopember 2025 hang manggon ana ring Pendhapa Kantor Camat Banyuwangi. Dudu merga ana rong novel hang ulih penghargaan teka **Rancage** lan **Sutasoma** yaiku **Agul-Agul Belambangan** karyane Moh. Syaiful lan **Ontrang-ontrang Langit Payaman** tulisane Kang Ujik naming merga ana lare-lare hang magih umur sekolah SD lan SMP uga SMA bisa milu bareng ana ring peleciran buku “**Leroban**”.

Ring buku Antologi Cerita Cendhek Using 2025 “Leroban” ana penulis hang magih sekolah, SD, SMP, lan SMA. Penulis cilik kaya dene, Qonita Ruby Humaira hang magih kelas 2 ana ring SMPN 1 Banyuwangi, Marissa Safa Azzahra hang magih sekolah ana ring MTsn 1 Banyuwangi, Lindsay Mikeyla Hatowey hang saiki magih kelas 6 nong SDN 3 Rogojampi, Jasmine Azzalea Khoirunnisa hang saiki magih sekolah nong SMPN 1 Banyuwangi, Fika Malika Ayunita hang magih sekolah ana ring SMA Rogojampi, lan Aisha Nada Nadhliyina hang saiki magih kelas 4 SDN 1 Tamansuruh iki nguweni tetenger kadhung Sastera Using ring dina mburian bakal bisa Lestari lan jejeg ana ring bumi Belambangan iki.

Umpama lare-lare iki gelem nggethu anggone sinau nulis Sastera Using kirane bisa bakal ngalahi penulis-penulis sastera Using hang wis ana ring dina iki.

Ditambah maning ana ring pra-acara ana lare hang teka SMPN 1 Banyuwangi hang aran Kevin hang nembang Basa Usingan yaiku gendhing “Tanah Kelahiran” lan “Gulu Pedhot” iki nambahi tetenger siji engkas bakal lestarine Basa Using.

Pancen kapan ngomongaken gendhing Using nyatane gendhing iki wis diterima ring kabeh kalangan sing mung nong Banyuwangi bain naming

uga sampek sak Nusantara. Iki hang saktermene beda ambi basa dhaerah liyane hang mambat mayun uripe merga angel anggone ngurip-uri pi beda ambi Basa Using hang meh saban dina ana lagu hang *dirilis* nganggo Basa Using ring Banyuwangi

Sakteruse maning mesthine ana hang ndongeng nganggo Basa Using ring sakdurunge mangkat acara “Bedah Buku”. Akilah Bilah Izzah hang magih kelas 8 ana ring SMPN 1 Banyuwangi ndongeng cerita “**Barong Jaripah**”. Dongeng iki digawa ana ring ngarep nganggo basa Using hang deles, mesthine iki uga bisa dadi tetenger maning kadhung saktermene Basa Using sing melulu gendhingan naming uga ana Dongeng, Gurit, Ngewer, Pidato, Cerita Cendhek, lan Liyan-liyane.

Anane lare-lare hang ana ring pendhapa iku merga uga kerana lare-lare iki wis milu lomba ana ring Festival Literasi Using. Salah sjine Festival hang ana ring Banyuwangi hang duwe tujuan ngelestarikaken Basa Using nyang para pelajar. Festival hang dianakaken Pemerintah Banyuwangi liwat Dinas Pendidikan iki duwe andhil hang gedhe nyang pelestariane Basa using. Sakteruse lare-lare iki uga dimilikaken ring Lomba-lomba FTBIN (Festival Tunas Bahasa Ibu Nasional) hang dianakaken Badan Bahasa Nasional.

Mula iku melaku bareng antarane pemerintah lan masarakat anggone ngelestarikaken Basa Using iki kudu terus dijaga. Pemerintah liwat Dinas Pendidikan lan Badan Bahasa sakteruse masarakat liwat paguyuban-paguyuban, komunitas-komunitas sastera dhaerah kaya dene hang wis dilakoni SKB (Sengker Kuwung Belambangan) iki.

Saiki wis wayahe sing benteng ceweng maning antarane pegiyat Basa Using merga tatanan cara penulisan. Mayo megiyat bareng terus ningkataken kekurangan hang ana. Hang kurang bisa ditambahi hang salah mayo dibecikaken makne tambah benere kanggo lestarine Basa Using.





ANGKLUNG CARUK BADES JAYA ANGKLUNG CARUK LEGENDARIS

Moh. Syaiful

Sakat jaman-jamane angklung caruk iki rame ring tahun 80 sampek 90-an, ruwahe Anang Adjin hang nyekel angklung caruk Badhes Jaya wis kesuwur ring bumi Belambangan iki.

Taun 1975 Bades Jaya pimpinan Anang Adjin menang ana ring Festival Angklung Banyuwangi/Angklung Caruk juwara harapan 2. Sertipikat penghargaanane magih ana sampek saiki hang ditanda-tangani Bupati kala iku yaiku Joko Supaat Slamet.

Tanggal 2 Mei 1977 Bades Jaya uga menang maning ana ring Festival Angklung Caruk dadi juwara 3 hang sertipikate uga ditanda-tangai Bupati Joko Supaat Slamet.

Taun 1977 kesenian daerah angklung Bades Jaya direkam ana ring kaset pita ring Ria Record salah sijine pengusaha rekaman hang ana ring Banyuwangi. Gendhing-gendhing hang digawa ana ring rekaman kaset iku antarane, Giro Pembukaan, Pelayan Runcut, Gurit Mangir, Lemar-lemir, Gambang Suling, Setro pelayan post, engselan, Keplayon, Liya-liyu, Tape ketan, penutup engselan,

Liya-liyu, Injari, Yasiono, Rageman Kembang Jeruk tetel-tetel, Kelambi Biru. Kabeh gendhing arupa tatanan tabuh nana vocal utawa nana sindenane

Anang Adjin hang kelairan Bades iki salah sijine anak lanaange Buyut Said hang dadi satu' angklung Bades Jaya. Dulure anang Adjin kabehe ana telu wadon kabeh sakliyane Anang Adjin. Ring Angklung Bades Jaya Anang Adjin ana ring pantus utawa selenthem.

Pancen sing gampang anggone dadi satu' angklung ana ring angklung caruk, merga kudu kuwat atine lan kuwat tekade anggone tetep sinau lan latihan gendhing saban dina. Nggawe kelocian hang arep dicarukaken nong genjot mestine kudu titi lan kudu disengidakaken makene musuh ana ring genjot engko sing weruh lan sing bisa niteni. Sakliyane kelocian yaiku arupa tabuh melodi kreasi hang variatif satu' angklung kudu bisa nggawa kabeh gendhing hang arep diadu. ring wayah adu gendhing. Kabeh iku bengen dilakoni Buyut Said, Buyut Said pancen penganggit gendhing-gendhinge angklung Bades sakat teka kelocian, engselan sampek gendhing cacalane.

Gendhing-gendhing hang ditata apik nganggo tabuhan wesi dicaremaken ambi tabuhan Jajang hang arupa angklung. Tabuhan iki dadi tata-tabuh hang enak dikuping sampek kaya wujud kaya orkestra ring jaman saiki. Sing salah gendhing-gendhing garapane Buyut Said saiki magih digawa ring angklung-angklung caruk teka desa-desa liyane sakliyane Bades Karangbendo.

Satu' angklung manggone ana ring ngarep lan mesti adep-adeban langsung ambi musuh, mesti bain iki kudu duwe ati hang tatag aja sampek gupuh lan bingung ngadepi musuh hang uga ngguda makne tabuhane iku rusak lan sing bisa nebak gendhing hang diadu. Jaman bengen satu' angklung hang kesuwur mestine ya Anang Said Bades Jaya.

Paran maning hang aran royake penonton. Penonton pendukunge musuh mesti bain milu oyak-oyakan makne musuho sing bisa ngelayani gendhing hang diadu. Ring kana satu' angklung kudu duwe mental hang kuwat lan ati hang tatag. Sing sithik satu' angklung hang sing bisa nahan amuke. Ana uga ring jaman bengen satu' angklung sampek ngadeg marani musuho lan mathok endhase musuho nagnggo tabuhe angklung, pungkasane tabuhan caruk dadi kisruh lan tawur antarane pemain lan pemain uga antarane penonton lan penonton.

Panatiké penonton pancen ya sing sukur-sukur ring jaman taun 90-an rikala Angklung Caruk Bades carukan ambi Angklung Caruk Bolot ana ring desa Bangurejo. kadhung ana tontonan angklung caruk. Pendukung panatik iki bisa teka nggawa trek meh sak kampung kadhung angklung caruk dhemenane main.

Jaman bengen uga kaya hang diceritakaken Suali pemain Angklung Caruk Bades hang keblebu anak lanange Anang Adjin. Hang aran kisruhe penonton mesti ana bain. Kaya jaman sakmono main ana ring Karang Anyar antarane Angklung Caruk Bades musuh angklung caruk Pasinan. Penontone tukar pungkasane tabuhane bubar sedhela mari gediku diangkat maning, naming penontone padha mulih siji-siji sampek kari mung sithik.

Pak Tohan Pasinan ngakoni kadhung gendhing-gendhing hang dibisani saiki uga akeh hang diajari Anang Adjin. Pak Tohan magih enome jare jenek Bades kumpul Anang Adjin sakperlu ajar gendhing-gendhing jawa. Sampek saiki Pak Tohan tokoh

Angklung Caruk Sekar Wangi Pasinan ngakoni duwe angklung gaweane Anang Adjin hang magih dirawati sampek saiki.

Angklung 1: Anang said

Angklung 2: pak admin

Slentem : Sukoso

Kendang : Man Atib

Kluncing: Man Mahuni

Badhud : Man daris

Hang sing kepoto: Asim, Isnén, Urin, lan Osok B

Pengganti Anang Jajuli : Anang Baidi/Jubaidi

Pimpinan : An. Said

Angklung gaweane Anang Adjin Bades iki janurane cendhek-cendhek lan jajange garing temenan mula iku suwarane bisa ngungkung tapi sing gampang pecah, gediku Pak Tohan ambi mongkog nyeritakaken ana ring umahe Pasinan ambi nduduhaken angklung asal Bades iku.

Ring pertengahan taun 90-an Angklung Caruk Banyuwangi mulai kepiles kesenian-kesenian liyane. Ring jaman-jaman iki wis sing pati ana wong nanggap angklung. Wong duwe gawe jaman iku mung nanggap orkes, nanggap video hang nyetel-nyetel film. Tanggal 28 September 2018 Anang Adjin ninggal dunya ring umur 67 taun. Dikubur ana ring Bades desa Karangbendo Rogojampi Banyuwangi sakdurunge weruh Angklung Caruk Bades urip maning.

Sakat taun 2020 angklung Bades diuripaken maning ambi Suali yaiku anak lanange Anang Adjin bareng ambi lare nom-noman Bades.

Meh dilalekaken ambi wong Banyuwangi, Budayawan Banyuwangi bareng ambi Pemerintah Kabupaten Banyuwangi nggelar Festival Angklung Caru Pelajar hang dianakaken tanggal 25 Februari 2017, ring Gesibu Banyuwangi. Ana 16 grup angklung caruk pelajar hang miloni festival iku mulai tingkat SD sampek Tingkat SMP. Mestine iki nggawe girange ati seniman-seniman angklung caruk mergane wis bakal ana generasi hang bisa nerusakaken angklung caruk sakmarine generasi-generasi hang sulung.

Pincukan Tawon ala Mbah Adon Novi

Novi Susanti

Akeh hang ngomong dhung arep ngusir tawon, bisa nganggo bawang putih. Merga tawon hing dhemen ning ambune hang nyelenget. Tawon kudu gancang digetak, merga hang paling diwedeni yaiku sengete. Masiya umume dibangkeli merga sengete mau, taping kadhung tepak tanggal enom, temakaken akeh hang nggoleti. Merga kanggone uwong Banyuwangi, tawon bisa diolah.

Rasane tawon emch kaya urang. Kadhung jare wong-wong tuwek, lare enom sing ulih milu tilik tawon. Lagotane jare nggarai budhuh. Alihe dipenging merga rasane tawon iku enak, mulane yara sing aweh ditiliki wong liya.

Tawon bisa diolah jagan. Digodhog, gemulak sepisan mariku aju dirageni.

Kadhung dipincuk, bisa dirageni ning cuwek. Kelendi ngolahe? Rika kudu nyepakaken bahan-bahan kaya ngisor iki:



½ kg tolo

8 lobok gedhi

25 lobok cilik

½ sdt terasi

1 sdm gula pasir

6 belimbing wuluh

Kabeh ragi digerus, taping belimbinge aja sulung. Mariku uleden ambi tolone mau. Wenana banyu sithik. Terus pincukan ring godhong, tapen nyang sarangane panci kanggo dikukus.

Wani nyacak olah?



BELULUK, CIPLUKAN

NH Alipah

Sakat panen ulihe tambah sing sepira, Kang Suk pungkasane mandheg hing nutugaken sewan garapane ring Kuburanbendha kana. Mulane iyane arang nyang sawahan. Bengen, anyar-anyare tuku garapan, Kang Suk hang nyageraken picis ulihe pangsiunan iku angger jenek.

Merga garapane sandhingan ambi kedhokane juraganisun—Aji Dar—hang parek perumahan Villa Bukit Mas kana, tepak laut, Kang Suk mara nyang pondhok embuh ketang mung milu gelimpangan ring pelanca, nguwani udud utawa gesah. Dhung tepak isun ana ring pondhok kidule proyek—PKBR, Kang Suk kerep mara, seja-seja nggawakaken kopi ring tirmus cilik. Lawas-lawas saya jenek. Pungkasane sawahe diburuhaken nyang isun, singkalane sak-nggetakine.

Elet pirang taun sakate ngepos tuku garapan iku, isun diambil perkara anakisun lanang.

“Kang Sakur, isun iki duwe salah paran nyang rika? Nyunati, kari mentala sing ngabari. Giri

nyang Gerajaban kudu nunggang se pur tah?” ujare, ngewertakaken.

“Barang mung keresekan bain Kang, sing kathik rame-rame...” semaurisun ya rada getun merga sing kober ngeteri berkatane belaka sakmareke serakalan, kala iku.

“Ya aja kari elek atine gedigutah...”

Bengen sipat ditakoni uwong, mbisuk gedhi kepingin dadi paran? Semaure anak lanang angger kepingin kaya Pak Suk. Mula Kang Suk iki wong menak. Pegaweyane kantorane mestine angger ulan ana hang dicageraken. Maningan sing kesentor serngenge, mulane peraenane rijig sing gempung kaya isun. Wis digu, anake mung loro. Anak lanang seru dhemene bangete rungu isun arep nyang umahe Kang Suk. Gidru-gidru njaluk milu ukure. Aju terus duduh-duduh nyang embok-embok mari ditukokaken es krim.

Ring gedheke pondhok hang parek proyek, sun selempitaken nganggo semat

potrekisun. Bangete ngadeg ring pinggire kalen parek sawahe Aji Abuk sak kidule SMP 3—sakdurunge payu dadi perumahan. Aja-a gedigu, ana uga potreke embahe lalare magih jayane, sakdurunge wungkuk. Sapa wonge, meneng-meneng perlu nyodreki wong tandang gawe ring sawah. Ulih ngendi dhung dudu Kang Suk hang ngesaki kodhak, sapa bain dipotrek aja diapdrekaken.

“Acake tengeren...” abane Kang Suk ngelungaken potreke lalare TK seragaman terining oren peleret kuning ring tengahe Taman Sritanjung.

“Eh Agil iki...” semaurisun njerunggul, gayap weruh potreke anake.

“Yeh, mulane, sabene nika, gurune Agil warta. Sinten kok munyik-munyik terus nggih, ambi nyodreki. Temakaken ndika Pak Suk...” rabinisun nemokaken.

“Mbisuk, dhung ana umur, mugimugi bain kodhak iki aja mandak rohek. Sun sodrek wayah rika mantu...” gacahe Kang Suk.

“... pantese sagah nganggo biskap ambi belangkonan,” teruse Kang Suk ambi nyacakaken.

“Nduduhaken gowangisun iki Kang Suk?” abanisun balik nggacah. Keterak untu wis rompol, mangan taker gail-gail, mung wani munyik sing wani meringis merinci.

“Ya kari nukokaken untu pasangan, masa sara...” timpale Kang Suk maning.

Kang Suk mahami seru dak wong tani tepak pari apik, ya asile keneng digegem. Aja takon dhung bangete usum wereng, walang tah tikus, bangete nggampang ulihe paling mung pirangane karung lan bobotane ya sod. Asile kaya sukur liwat, ulihe picis kaya kalis lan kiplas. Taping dhung wis gadug ulan sanga, sepuluh, sewelas, rolas, keneng dititeni angger panenan wapak seru. Sampek isun gadug nukokaken es krim wadhahan cepuk pelastik rada gedhi enggo Agil lan embok-emboke. Taker bisa neter tuku martabak sakelore Florida.

Seru ndhemenaken ngerawati sawah garapane Kang Suk. Merga telikase hing kathik engka-engko sipat sun kabari gok parine wayahe nukokaken obate kul, wayahe ngemes, wayahe matun, lan liyane. Hing tau arane wewehan lan jawen

digeningaken kandel. Angger gancang gok nguwani picis kanggo opahe wong matun. Temune pari hang wayahe melecuti, lemu-lemu. Mulane kerep nyekel asile rada awet. Bidha ambi Aji Dar, juraganisun hang pensiunan dosen iku. Pari wis emeh nguning, buru umet ngongkon selamatan ngerujaki. Umpama saiki mara nyang umahe njaluk bandhane nyemprot utawa *laporan* gok parine ngelaras, durung karuwan langsung diuweni. Paling ya rong minggu engkas, anakisun taker bisa niteni. Dhung wayahe panenan singasil, lanyah seru gok mangluh.

Kang Suk ya keneng sun sambati bangete lalare perlu mbayar sekolah. Bangete kebentel, seru enthenge Kang Suk nyelangi picis. Ale rekenane isun iki ya wong liya, kenal ya buru. Dudu kenal sakat lancing bengen.

“Gaduga tuku sawah dhewek tah Kang Suk...” abanisun nganggen-angen ndongakaken. Merga kala iku sasate kabeh sawah sing asil. Kang Suk ngarteni, kerana mula usume penyakit. Iyane neja merdhayoh, njaluk sepura nyang isun, merga sing bisa nutugaken sewan garapan.

“Ya taping aja pedhot sakduleran,” gedigu abane Kang Suk mungkasi omong, pamitan.

Sakat iku, mung sawahe Aji Dar hang sun cageraken. Kala-kala ana buruhan nyingkal, ya hun tampapisan.

Ring galengan pinggirane kedhokan sawahe Aji Dar, omes hun tanduri kacang lanjaran lan lobok, masiya tah mung telung wit. Wayah undhuhane rada akeh, sun kongkon Agil ngeteri Aji Dar lan sun kongkon nyelindhut nyang Kang Suk. Ambekana mung cukup sak janganan, taping ya keneng enggo nyambung lan ngurubi obor. Sipat lebaran, dhung mari teka umahe emak maratuwa ring Badhes Rogojampi, sun jak rabinisun meliguk mampir nyang Gerajaban.

Enget keneng ambul kerana sing undhang-undhang nyunatine Agil, seja sun warah Kang Suk kanggo dadi *juru bicara* wayah nampa dhayoh bangete anak penggarep dijuluk, anyar-anyare korona. Seperene sampek anak-anak padha mentas sekolah, Kang Suk durung ana kabar tuku sewan garapan maning.

Singana udan, singana angin, katon teka pondhok ring dam cilik uwangan parek wit dhuwet hang wis ditutuhi empange, Kang Suk njumbuh. Mandheg, kaya ana hang diluru lan digoleti. Wis lawas Kang Suk sing tau sanja nyang sawah, ketemben iki mari Jemuwahan

njumbul teka kidul liwat bobosan galur wetane perumahan Villa Bukit Mas.

Masiya lawas nana tau nyang sawah, jangkahe Kang Suk ya sing gerathulan. Sun etutaken lakune, kaya temuju nyang pondhok iki, umikisun. Umpama-a tuku sawah garapan maning, isun sing nulak dhung dikongkon nyingkal. Masiya anak wis padha mentas sekolah, aran picis butuhe nana empose.

“Hun iki sanja, ana perlune nyang rika Kang Sakur...” ujare Kang Suk, lungguh nimpahaken sikil kiwane aju ngetokaken udud eceran lan coret teka esake. Lawas hing kecaruk, katon rambute Kang Suk saya ngapak.

Sun geroh esak seruwal ngetokaken pelastikan bako' sak kertas gelintirane abang gambar semar.

“Agil wis lulus? Wis megawe tah Kang Sakur?” takone Kang Suk njepit udude gage disumet. Aju semantah nyang anak-anak. Agil wis mentas SMA. Hing kaya emboke hang aju njaluk sekolah maning gena dadi guru, anakisun lanang iki jare kepingin galur liyane. Emboke—loro wis mentas, wis padha megawe mulang. Hang penggarep saikine umah-umah ana ring Karangrejo, durung mbobot maning. Hang nomer loro, durung umah-umah,

mulang ring Aliyah. Hang nomer telu ring Malang, magih kuliyah.

“Arep mburuhaken nyingkal tah iki?” takonisun, pungkas ndhongengaken anak-anak.

“Jeh, garapan sawah hang nana galengane tah?” semaure Kang Suk, logat Gerajabanan.

“Taping mula anggone duwe pegiyetan digi iki. Lalare wis padha milu nyang lakine. Pita ning Widuri kana, Ririn ning Genteng. Umah cumpleng. Sedina-dina, dhung nana hang dipegawe, mangu-mangu nung umah yah. Dhung putu teka, kaya nana kuwelehe. Metagihen momong,” abane Kang Suk ambi nyerod udude.

“Emeh nyunati tah wis Kang?” takonisun balik. Gena sing campak, sun linthing pisan bako'.

“Anake Ririn ale wadon, Kang Sakur. Pelayonan larene wis...” ceritane Kang Suk. Putu wadon tah lanang setemene padha bain. Taping Kang Suk mestine ngangen-angen bisa-a duwe putu lanang. Merga wis tuwuk ngerumat anak wadon. Mulane yara sakat buru-buru kenal bengen, seru omese nyang Agil. Sampek isun diambul merga hing selabar nyunati, bengenika.

“Goletna beluluk ambi

ciplukan yah. Njaluk tulung temenan iki isun...” omonge KangSuksingelet suwi.

“Arepe dienggo paran Kang?” takonisun. Paceke leleran garing-garing beluluk dhung nana hang nggoleti. Kadhung tah ana butuhe, angel golet-goletane.

“Enggo njamoni Pita...”

“Loro paran Kang?” takonisun akas nyelamber. Kang Suk ngundha ambegan, kaya rada abot.

“Sipat malem minggu, Pita mula nginep ana ngumah. Serehne hang parek. Sekendi adohe Widuri nyang Gerajaban. Mula sun warah, umah cumpleng kari isun keloron ambi emake...” Kang Suk ngawiti cerita, enget anake hang nomer loro meteng gedhi mendhel-mendhel.

Masiya wis umah-umah, sipat anak lan mantu teka, rasane jerumah kerasa rumang maning. Mestine kabeh wong tuwek ngerasakaken kaya gedigu. Masiya tekane anak, putu, mantu mung sedhilut belaka.

“... bengi iku, Emake mara-mara bain usik. Ndane tah wis êlek-e? Yong magih wolung ulan, Pita semaur sangking arepe nginep bain...” tutuge Kang Suk ambi nyerod udude. Bacote aju

metu ongsrong weleke.

"... Subuh sak mareke teka langgar, isun magih nutugaken wirid. Mantu celuk-celuk gupuh. Temakaken ketuban wis ngerembes. Sing kathik engko sulung, gancang-gancang mberuwataken Pita nyang Rumah Sakit. Gadug kana, sak uwen-uwen sing kathik dikapak-kapak. Pita aju sun gawa mulih maning," abane ambi nyelentikaken latu udud ring kempitan derijine nyang sikile pelanca.

"Isun sing betah dhewek, Pita digawa mulih tambah kelara-lara. Kuwatir ketuban nawi aju garing, hang lanang telikas nggawa maning nyang Rumah Sakit," jelentrehe Kang Suk aju nyilahaken sikile.

"... Pita wis hing ngelayani, ngelemprek, digeledhek, digawa melebu ruangan. Sing suwi, hang lanang diceluk dhoktere, jare kudu gancang dioperasi golet selamete kabeh,"

"... Nulih Pita diancebi pekakas suntik, impus, wilih sing garing-garing lambenisun njaluk yang Hang Kuwasa.." tutuge Kang Suk kaya nerawang nyang awang-awang.

"... Kuwasane Alloh, bayine diparingi sing bisa selamete," cemple suwarane Kang Suk kaya magih ngarepaken selamete putu lanange. Nggarahi enget

nyang awakipun dhewek, bengene bangete kelangan anak penggarep lanang hang buru mari selapan. Lare sing gelem disusoni, meleng-meleng, sawan.

"... Maune nana hang nguweni weruh nyang Pita, gok anake wis sing-ana. Mauka, wedi nawi Pita apapuwu..." Kang Suk ngendheg omonge, nguncalaken utis.

"... Pikirisun, nganteni Pita melek bain wis, aju diwarahi edheng-edheng..." Ya sapa uwonge, hang bisa mentala ngabaraken hang wis hingana, alihe ya wis diarep-arep tekane. Alihe buru bain ana ring njero wetenge.

"... Merga wis ana besan, gentenan. Isun mulih sulung, mesisan Maghriban," tutuge Kang Suk ngamet bako' aju dilinthing.

"... Buruuu gadug peligukan Singomayan, arep ngaloraken, HP buyek abane. Mari sun tanpa tilpun, balik cengkilak isun nyang Rumah Sakit maning..."

"... Temakaken, mungkur isun, mesin kothak hang temanceb kabel-kabele nyang Pita iku ilang kedhute, muni thuuut, kari sak garis. Kaya ning tipi-tipi ika wis Kang..." abane Kang Suk, rada getun. Hang sun weruhi gedigu iku ya tengere nana umur wih. Kaya katon

maning wayah sun pondhong anakipun lanang hang wis mayit arep dikuburaken, pirangpuluh taun kepungkur.

"... Emake wis derewesan iluh. Hang lanang, katon mberanang rupane. Besan karo, pating ngiluh. Emane tah, mula angger ngesaki Yaasin, isun..."

"... Ambi nulih rupane Pita hang acum, hun mung ngucap gedigi, Ya Alloh kadhung niki wis dadi pastine, kula ihelas. Mariku aju sun jekaken Yasin..." mula hingana banyu mata tebluk ring pipine. Taping, mandanea isun dadi Kang Suk, dhung bisa oper nyawa mesti bakal dilakoni.

"Eh sing suwi, Kuasane Alloh kedhute mesin kothak iku ana maning Kang Sakur..." mari-mari kemesar isun rungu pungkas ceritane Kang Suk.

"Sod awake, gering seru Pita saiki Kang Sakur. Hing mentala isun nulih..."

....

Durung ana suwarane Kang Suk maning. Kaya mari melaku ndharat, adoh, kudu ngepos sulung kanggo ambegan dawa. Sun tingguli ati hang katut ngombak-ombak, sun serod maning udud hang saya cendhek.#

*2025



Bung! Bung! Bung!

Andi Sep Kurniawan

Isuk-isuk ana ring njero alas, kewan-kewan kayatah Gajah, Gorila Gunung, Menjangan, Kidang, padha kumpul. Kabeh kewan katon rukun, memengan lan guyanan bareng. Menjangan lan Kidang memengan teplek, Gajah lan Gorila Gunung enak gesah.

“Biyasahe ana kelebete Panda kadhung isuk-isuk digi. Larene nang endi yuh?” takone Gajah ring Gorila Gunung. Menjangan lan Kidang rungu, iyane ngendhegaken memengane.

“Iya, yuh. Apa tah magih nggolet

pangan?” takone Menjangan.

“Alah, kaya sing weruh Panda bain. Larene mula dhemen dhewekan, ya, rah? Nawi tah memengan dhewek,” jawabe Gorila Gunung sugal.

Papat kewan mauka pungkase balik nang umahe dhewek-dhewek. Kidang lan Menjangan mulih bareng. Ana ring dalan, temakaken kewan loro mau weruh Panda nggolet jajang.

“Kidang, Kidang menenga yah! Acake nak weruh Panda kaget tah sing,” abane Menjangan nduwe pikiran arep nyalah ngagetaken

Panda.

Dorrrr!

“Bung, bung, bung,” latahe Panda, pencolotan. “Alakemas, jaresun nawi abene bedhile uwong tambeng, temakaken rika-rika bain. Teka endi?” takone Panda.

“Mari memengan ambi lalare. Gok dungaren Panda sing milu?” takone Kidang.

“Golet kothong ana ring pinggire banyu, weteng elom sampek sing bisa melaku,” jawabe Panda.

“Emak, kelar basanan. Golet

banyu sing kari sara, kalingana elom sing ana mara," jawabe Kidang.

Menjangan hang ndileng cengeng ulihe kanca-kancane padha balesan basanan. "Jajange kari akeh yuh, Bung?" takone Kidang nang Panda hang biyasa diceluki Bung. Kabeh kancane padha weruh dak Panda diceluki Bung merga dhemen jajang lan latahe khas, Bung, Bung, Bung.

"Iya, iku, saktemene mula seja Isun nandhur makene aja bingung golet panganan. Weruh dhewek ya rah kelendi isun seru duyane nong Jajang?"

"Nandur jajang sing kari sara, mung nyelepaken uwite hang ana odode," pungkase Panda cerita ring kanca-kancane.

Nggesahaken panganan, nuluh Panda seru rahabe mangan Jajang, Kidang milu elom.

Kruk...kruk...kruk

"Sulung tah suwarane wetenge sapa iku?" takone Panda. Kidang lan Menjangan padha tulih-tulihan. Kidang meringis kemisin suwara wetenge kari anter.

Kidang ngejak Menjangan nggolet panganan nang pinggire banyu. Panda tut buri Kidang lan Menjangan. Ana tengah dalam temakaken kecaruk Gajah uga golet panganan. Gajah milu mbuntut merga weruh kadhung panganan Kidang lan

Pakta:

Jajang yaiku gaman hang dienggo pejuang kemerdekaan kala ngadepi landa. Pribumi utawa masyarakat Indonesia bengen sing surud ngadhepi landa hang seru bengise. Apuwa hing nganggo bedil utawa gaman liyane? Merga bedil ring jaman landa seru angele lan ketat, anane mung Jajang. Jajang gampang urip ring tanah Indonesia hang kesuwur subur, para pejuang hing bingung maning, mulane dienggo senjata tempur hang dikenal 'Jajang (Bambu) Runcing'. Jajang runcing sing mung dienggo numbak, taping uga dienggo perangkap utawa jebakan, lan sakliyanane.

Menjangan padha ambi iyane.

"Bung, bung, bung," omonge Panda ring telung kancane. Acake tah nuliha merana. Panda nduding nang pinggir banyu. Kabeh padha kaget weruh Gorila Gunung ebuk dhewek. *Penasaran* ambi paran hang dilakoni Gorila Gunung, kabeh padha mara.

"Bung, apuwa?" takone Panda.

"Iki, Bung, temakaken sasake rubuh yaa. Isun sing bisa nyeberang pungkase," semaure Gorila Gunung

"Ye, kadhung gedigu ayo wis dilakoni bareng-bareng. Kadhung mung siji ya sing kira mampu," jare Panda hang weruh Gorila Gunung kangelan temenan.

"Kudune rekasa bareng, penggaweyan abot bakale enteng. Ya, rah, Bung?" Kidang mbales lan njaluk pendapat ring Panda.

"Bung, bung, bung," Panda latah. "Iya, bener, pinter iku arane," semaure Panda.

Limang kewan mauka pungkase tandang bareng. Panda njuwuti jajang-jajang hang wis iyane tandhur dienggo ngganteni jajange sasak hang wis rusak. Kidang ulih tugas nggolet tali teka empange uwit weringin. Menjangan nggolet kayu, Gajah ulih tugas nguwakaken bahan nganggo telale, aju Gorila Gunung ulih tugas nulungi Panda.

Bahane wis jangkep, kabeh kewan padha mangkat tandang. Siji lan liyane padha tulung-tinulung. Gajah seru dhemene nguwakaken tali lan jajang hang wis dikethoki nganggo belalaine. Gorila Gunung gelantungan nulungi kanca-kancane.

Kewan-kewan nguweni aba-aba. "Siji, loro, telu, tarik!"

"Siji, loro, telu, tarik!"

"Sepisan maning," jare Panda.

"Siji, loro, telu, tarikkk!"

Kabeh padha semangat. Gorila Gunung katon sumringah merga kewan-kewan padha guyub. Selang pirang-pirangane menit, sasak liwatane kewan nyebrang banyu mari. Kabeh kewan padha seneng lan bungah.

"Bung, bung, bung, ya mari yuh. Ulihe tandang bareng" Panda mbuka omongan. Kidang lan Menjangan wis kelesodan merga kesel.

"Makk, ya iku ya, bener omonge Kidang, paran bain mesti entenge kadhung ditandangi bareng. Samake kelir kuning, sasake wis keneng diliwati maning," abane Gajah mungkasi gesah kelawan basanan.

Pungkasane, sasak hang rubuh wis bisa diliwati maning. Kewan-kewan padha seneng merga sing bingung maning golet berobosan.



KABOGAN MEMENGAN

Qonita Ruby Humaira – Siswi Kelas VII SMP Negeri 1 Banyuwangi

Wayah lohor, anggere lare cilik dipenging kelomprohan merga jare ana dulit. Bedhug endheng-endheng karuwane meneng ana ring umah.

Arum hang magih kelas 4 SD, sing keneng dipenging. Sak pungkase sekolah, jangahe sing langsung mulih nyang umah. Sikile meliguk nyang umahe Sari, kancane. Ketang Sari mari cerita gok buru ditukokaken memengan anyar ning pasar ambi Apake.

“Anak-anakanisun iku ayu! Angger isuk sun salini penganggo bonele,” gedigu abane Sari gok iming-iming. Arum kaya katon-katonen, kepingin weruh.

Bedhug bangete serngenge kaya nampes embun-embunan, jangkah sikile Arum sing njujug dalam nyang umahe. Teka pertelon, milu biluk milu ngulonaken nututi Sari. Rai wis mbelengseng keterak sentore serngenge. Keringet ngepusi bathuke, alihe wis ditingguli poni.

Gadug bentur umahe Sari, gancang-gancang Arum nyoploki sepatune. Sari ya seru girange merga ana Arum, temune duwe kanca memengan. Mari nyelehaken tas, Sari gayap seru. Iyane ngetok-tokaken memengane. Sasate kabeh dietokaken, diduduhaken nyang Arum. Menganane teka kothak, seru wakeh maceme. Ana anak-anakan Barbie, ana bekel, ana bongkar pasang, ambi dhakon. Anak-

anakane temenan bisa dipacaki, disalini kelambine, lan digaru rambute.

Arum nyelehaken tase nyang pelesteran umahe Sari, aju lungguh silah. Anak-anakane Sari duwe umah teka kardus. Mula Sari cerita gok Apake ya nggawekaken umah-umahan kanggo anak-anakane iku. Duh, rasane atine Arum kerih kepingin duwe pisan. Rambute Barbiene hang dhawa lan bajang keneng digaru aju dikuncungi. Pantese Barbiene iku keneng dijak dadi kanca turu. Taping jare emake Arum mesti larang regane lan kudu nganteni apake teka.

Teka jerumahe, emake Sari njumbul nggawakaken jajan bungkus. Ciki-ciki hang kadhangane bisa ulih hadhiyah picis.

“Beng, merene mau wis pamit nyang emake? Gulakane nawi digoleti sira...” abane emake Sari nyelehaken talam ombenan lan jajan.

“Mantun niki wangsul Wak,” semau Arum.

“Ya panganen sulung jajane, ombenen es-e” abane emake Sari ngelajokaken. Sari lan Arum langsung nggape jajan hang bungkuse melendhong iku. Dikonclak-konclak, dirungokaken abane.

“Acake ulih hadhiyah picis temenan tah?” usike Arum ambi ngujeti.

“Iku kudu dikerik sulung, makene katon hadhiyahe paran...” abane Sari nggeroh esake, nggoleti picis kenthing.

“Nganggo iki bain keneng nawi?” abane Arum njuwut bekel hang semembur.

Sari wis ngerik sulung, kertas cilik teka bungkus jajane. Kelunjuk meripate katon angka 0, teka mburi. Mestine iyane ulih hadhiyah picis.

“Rum...” abane Sari gayap temenan.

“Wih, ditebus nyang endi iku aju terusane Sar?” takone Arum.

“Hahaha, luput Rum. Temakaken tulisane, 'Mungkin hadiahmu di kemas ke 10'. Hahaaa, diapusi...” abane Sari kekel.

Mari ndilati pecake jajan ring derijine, Sari aju nggiring Arum mengan bekel. Bekel kang mau wis ditokaken, dijejer. Arum dijak mengan bekel, ya lancar. Sari mengane wenak, sat, set, sat, set. Tapi ya rada luput-luput pisan. Magih lanyahan Arum.

“Hang 'pemain bekel' kang paling kesuwur sak kampung, yara isun. Hehe...” abane Arum telikas nangkup tembung sak durunge cicir nyang pelasteran, mari pungkas nggegemi kuningan bekel.

“Iya ra wis, percaya,” semau Sari ambi ngeliya nyang anak-anakane. Memengan bekel sing ditutugaken. Sari dhemenan mengan anak-anakan. Serehne mengan bekel, dhung nana musuhe ya sing enak.

Kling Kling.. uneke sepidhahe mesti bisa dititoni. Iku abane sepidhahe Runi. Kanca sekelase Sari lan Arum.

“Run, ayo mengan!” abane Arum nyulungi. Tangane Arum magih ambi nguncal-nguncalaken bekel. Sabukane Runi rapet dipeluk adhine ana ring goncengan mburine, wedi temibruk. “Sulung, yah. Adhikisun nempuhi tuku jajan sakat mau,” saure Runi ngendheg sepidhahe

“Meriniya maning engko yah...” uneke Sari gentenan nimpali. Mari semaur siyap, lenged sepidhahe Runi beruwat nggonceng adhike.

Wak Sapirah, emake Arum, mara nyang sekolahan mapag. Lagotane sak uwen-uwen nganteni anake sing gancang teka. Merga mbengine singana wekas arep ana kegiatan sekolah tah paran.

“Nyang endi lare iki ndane?” celathune Wak Saripah ambi nyekeli payung, merga panase kari nyentor. Mula hang dikuwatiraken Wak Saripah, nawi Arum iki katut nyang uwong. Nawi diiming-imingi es krim, aju katut. Didelekep cangkeme, diracun gena semapat aju dilebokaken belangse. Enget nyang uwele hang lanang tepak arep mangkat layar.

“Ya Alloh, aju sing ketempuhan isun iki wih!” atine Wak Saripah sing karuan.

Tilpun hang dikethem Wak Saripah, aju dienggo nilpuni gurune. Nilpuni kabeh wong tuweke kancane Arum.

“Eeeh eeeh...” gupuh Runi ngabeti sepidhahe merga ngalesi uwong nung ngarepe. Adhike langsung ngapret, sepidah emeh njengat mengarep.

“Sepuntene...!”

“Beng, amening rah yuh...” abane Wak Saripah. Emane bain sing sampek tiba.

“Napuwa Wak, gok mangu-mangu teng meriki?” takone Runi ngedunaken nggeningaken sikile mudhun teka pancadane sepidhah.



“Beng, sing caruk Arum sira?” takone Wak Saripah langsung nakoni.

“Niki wau caruk, Wak. Teng geriyane Sari. Niki kula ajenge ngeteraken adhik, aju meriku malih. Mem....” sing sampek tutug Runi ngomong, Wak Saripah ngingcling.

Wak Saripah sing kanti maning nak nyiwing kupinge Arum. Tambah-tambah, gadug ngumahe Sari, bangete Arum nggelekek banyu es. Alihe, Arum wis dipenging polahe watuk pilek.

Kemesud atine Arum weruh emake njumbul rada ketinggulan pageran jajang umahe Sari. Wak Saripah celathu, aju sing luput pokange Arum keneng cethut. Wurung ngentekaken es. Arum sing wani ngomong paran-paran.


“Lare iki! Mengan hing pamitan, durung salin maning!” celathune Wak Saripah.

Sing kathik semaur, Arum ngusuti ingus kathik keraha seragam. Tambah keneng uwel maning merga seragame kisuk magih dienggo. Tas gancang diselendhang, tangane Arum digandheng mulih emake.

Sikile taker kesandhung-sandhung nututi jangkaha emake. Durung sampek pamitan nyang Sari alihe. Sari mung nulih Arum diuwel ambi rada cengeng ya rada wedi pisan.

Gadug umah, Arum ngambil. Lawang kamar dicnebi. Iluhe magih nderewes, enget pokange keneng cethute Wak Saripah. Ale buru mengan gedigu belokon kari sampek diuwel ning ngarepe kanca. Arum ya kerasa isin, nawi kisuk-kisukane Sari sing gelem ngejak iyane memengan. Magih mberenjul atine Arum, sampek pungkasane gagem keturon, ngelipuraken atine.

Taping Arum nyadhari gok salah. Hing mulih sulung lan aju sing salin. Emake menging mengan bedhug-bedhug, merga saban-sabane rame lare cilik digawa dilit. Alihe, Arum wedian nyang emake ketimbang nyang dilit. Wedi nyang uwele.#



**Ilustrasi Gemini AI*

Qonita Ruby Humaira lair ring Pamekasan 22 Maret 2012. Nampa Juara II Siswa Prestasi se Kecamatan Kabat, taun 2023. Juara I Lomba Nulis Cerita Cendhek kelawan judhul 'Dicokot Barong' ring Festival Literasi Using 2024. Aju nampa hadiah maning ring acara Festival Tunas Bahasa Ibu Provinsi Jawa Timur, Nopember 2024. Dadi peserta Kemah Cerpen Balai Bahasa Jawa Timur 2024, kelawan judhul 'Teges Dudu Judhes'. Cerita cendhek liyane, tau diuwot ring belambangan.com. Saikine, Ruby magih kelas VII ring SMPN 1 Banyuwangi.

Nilai Budaya Using ring Buku Cerita Anak Bergambar

Terbitan Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur: Bucu Sawange Shalom H. Schwartz

Elvira Damayanti¹

Dyah Werdiningsih²

Ari Ambarwati³

¹²³ Magister Pendidikan Bahasa Indonesia, Universitas Islam Malang
Jurnal Onoma: Pendidikan, Bahasa dan Sastra, Vol. 11, No. 3, 2025

Ngerumat lan ngeraksa paran hang ana ring tanah kelairan mestine dadi tenger gok magih gelem nyekel hang dadi weluri. Jare Shalom H Schwartz, ana sewelas (11) hang dadi *nilai dasar* kebudayaan, ring antarane: (1) *Kedermawanan*, (2) *Universalisme*, (3) *Pengarahan diri*, (4) *Keamanan*, (5) *Kesesuaian*, (6) *Hedonisme*, (7) *Prestasi*, (8) *Tradisi*, (9) *Stimulasi*, (10) *Kekuasaan*, (11) *Spiritualitas*, (Potts, 2015; Schwartz, 2012).

Iku kabeh kudu diwulangaken nyang lalare, hang salah sijine bisa kelawan Sastra Anak. Lalare kudune digeningaken meruhi paran-paran hang ana ring sak ubenge, kelawan natural, hang bisa bain bidha dhung disawang nganggo bucu sawange wong tuwek. Tegese, lalare mestine wis duwe kubung dhewek kanggo mahami lan ngarteni tepak nulih *realita sosial* miloni umure. Kadhung anggepane Sastra diibarataken panggunge donya, liwat sastra lalare bisa tilik lan ulih lilingan hang *edukatif* aju bisa dadi sangu sithik akeh makene bisa cekelan kanggo menungsa kang pethitete apik. *Sastra Anak* ya bisa dadi *toleransi*, *rasa sabar*, uga kerenteg jenggirat ngelakoni urip.

Salah sijine ulihe Sastra Anak yaitu *Buku Cerita Anak Beragambar (Children Picture Books)* hang ndadekaken siji *kode*

verbal dan kode visual. Pentinge buku-buku cerita anak hang *bergambar* iki antarane kanggo:

- 1) Ngunggahaken *kemampuan literasi visual, bercerita, dan kreativitas*,
- 2) Ngunggahaken *kemampuan visual-spasial dan ingatan*,
- 3) Nyurung makene bisa nambahi *kosakata dan konsep-konsep baru*
- 4) Ndhukung *promosi literasi sosioemosional* (Tisnawijaya & Kurniati, 2024).

Ring *webe* Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur akeh asile sayembara dwi bahasa, yaiku bahasa dhaerah dan bahasa Indonesia. Antarane: bahasa Jawa, Madura, dan Using. Kaya Bahasa Using hang dienggo gesah lan wis dadi sega jangane wong Using, hang urip ring Banyuwangi. Kadhung dijugeri asale, setemene anane Wong Using nggambaraken *perlawanan budaya* semasa moncere Kerajaan Mataram hang kepingin ekspansi-islamisasi ring kabeh wilayah Jawa, kelebu Belambangan. Bahasa Using hang dienggo sedina-dina, ya ana turunan langsung teka Jawa Kuna ring jaman era Majapahit.

Bahasa Using kerep dipadhakaken ambi Bahasa Jawa. Naming, nyatane ya bidha. Bahasa Jawa diubaraken lan dienggo

cakupan hang wera kaya ring Jawa Timur, Jawa Tengah, D.I. Yogyakarta. Dene Bahasa Using mung dienggo ring Banyuwangi, Jawa Timur, hususe ring kecamatan Kabat, Rogojampi, Glagah, Srono, Songgon, Cluring, Giri, Gambiran, Singojuruh, Licin, sebagian Genteng, Kalipuro, uga sekeliwek ring wilayah kutha.

Kepindho, ana *perbedaan fonetik pada beberapa penutur bahasa Using* utawa kerep diarani Using Deles. Ana diftong, umlaut, palatal lan glotal. Nomer telu, bahasa Using sing duwe tingkatan tutur kaya ring Jawa merga mula bahasane hang *egaliter*. Jare ruwahe Hasan Ali, Wong Using seperene iki emong ngarani Bahasa Using iku dialek.

Bahasa Using duwe panggon hang penting kanggone kearifan lokal hang ana. Dadi tetenger makene tetep ana. Mungne bain, suwi-suwi, bahasa Using iki saya ditinggalaken, hususe enom-enoman.

Padha ambi info teka ketua Paguyuban Sengker Kuwung Blambangan, Antariksawan ngomong dak masyarakat Suku Using wis kecampur ambi bajasa Indonesia lan Jawa ring lisan saben dinane. Mulane, saya taun, Bahasa Using ibarat setatuse 'amening'. Kudu ngati-ati merga diwedeni saya ilang.

Mulane kelawan *nilai budaya* hang ana ring cerita-cerita berbahasa Using bisa dadi galur kanggo ngewarisaken aturan lan wewarah, makene kerumat lan keraksa. *Nilai-nilai budaya* miturut bucu sawange Shalom H. Schwartz hang dadi pilihan merga sipate hang *fleksibel* bisa dipanggonaken kanggo budhaya hang bidha-bidha.

Ana 20 judhul *cerita anak bergambar* kurun waktu 2022-2024, hang aju didadekaken subjek:

Tabel 1. Daftar Buku

No.	Judul Berbahasa Using	Terjemahan	Kode
1.	Usum Layangan	<i>Musim Layang-layang</i>	B1
2.	Nong Endi Emakisun?	<i>Di mana Ibuku?</i>	B2
3.	Memengan ring Sawah	<i>Bermain di Sawah</i>	B3
4.	Tumpeng Sewu	<i>Tumpeng Seribu</i>	B4
5.	Lanun, Si Cemeng Manis	<i>Lanun, Si Hitam Manis</i>	B5
6.	Golet Jawaban ring Sawahan	<i>Mencari Jawaban ke Sawah</i>	B6
7.	Kepingin Paran Sira, Cil?	<i>Ingin Apa Kamu, Cil?</i>	B7
8.	Memengan Temeker	<i>Bermain Kelereng</i>	B8
9.	Tandurane Nuri Alum	<i>Tanaman Nuri Layu</i>	B9
10.	Hore, Kembang Endhohun Dadi!	<i>Hore, Bunga Telurku Jadi!</i>	B10
11.	Hore! Adat Barikan Wayahe Teka!	<i>Hore! Adat Barikan Telah Tiba!</i>	B11
12.	Suwaru Angklung Paglak	<i>Suara Angklung Paglak</i>	B12
13.	Ciblungan	<i>Ciblungan</i>	B13
14.	Aja Nyamah!	<i>Jangan Sombong!</i>	B14
15.	Sapa Hang Menang?	<i>Siapa Pemenangnya?</i>	B15
16.	Aduan Wiji Asem	<i>Beradu Biji Buah Asam</i>	B16
17.	Gandrung Cilik	<i>Gandrung Kecil</i>	B17
18.	Barong Cilik	<i>Barong Kecil</i>	B18
19.	Untung Gawe Tembung	<i>Untung Membuat Bola</i>	B19
20.	Markas Anyare Bayu	<i>Markas Baru Bayu</i>	B20

Buku cerita anak terbitan Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur nduweni akeh muatan kebudayaan, nilai-nilai budaya dasar yang esensial dan positif kanggo dijugeri. Kaya bisa dadi merambangaken dak tingkah

nyang kanca apike kelendi, dhung salah kudune kelendi, dhung duwe impenan nggayuhe kudu kelendi. Mulane bisa didileng teka tabel ring ngisor iki.

Tabel 2. Temuan nilai budaya Using

No	Aspek Nilai	Sub Aspek Nilai	Deskripsi Data	Kode Buku		
1.	Keamanan	Keamanan Keluarga	Pitik kelawu nggoleti emake lan dulure	B2		
		Kesehatan	Wewarah gok meripat bisa abuh merga memengan HP	B8		
2	Prestasi	Ambisi	Ahim seru karepe nak ngalahaken layangan kop-kopan hang tau diweruhi.	B1		
			Nuri nyacak hang wis diwarah-warahi Mbok Tutik taker tandurane bisa sehat lan seger	B9		
		Cakap	Marwato nguruki carane memengan ciblungan	B13		
3	Kedermawanan	Persahabatan Sejahtera	Ahim lan Surip wis rukun maning mari tukar merga rebutan layangan	B1		
			Arini lan Puput hang rukun sekancan	B5		
			Apikan maning sak mareke memengan temeker	B8		
			Apikan maning sakuwise mari nakalan	B16		
		Rasa lan kancane nggawe barong-barongan bareng	B18			
		Suka Menolong	Lilik lan Luluk nulungi emake nyepakaken tumpeng pecel pitik	B4		
			Nulung Kucil makene kelaksan bisa katut ring Puter Kayun	B7		
			Agus nulungi bapake gawe anak	B11		
			Rara nguwakaken peloncoran jajange nyang Cici	B14		
			Bayu ditulungi kancane mbecikaken markase	B20		
4.	Pengarahan Diri	Mandiri	Ahim, Surip, lan Anip gawe layangan dhewek	B1		
			Arini lan Puput ngasahi aren pecak madhange dhewek	B5		
			Neni, Sasa, Adel gawe kembang endhoge dhewek	B10		
		Ingin Tahu	Tokoh Dani seru kepingin aperuhe nyang suwara ring tengah sawah	B3		
			Aji lan Ragil marekaken PRe	B6		
			Nuri nak weruh gok tanduran Kak Tutik seger sing alum	B9		
			Yatno kepingin ajar carane mengang ciblungan	B13		
			Kucing ngetutaken pecak jangkaha landhak	B15		
			Dinda kepingin weruh tarian hang dijudedaken lare wadon ring sanggar lan kepingin milu ajar	B17		
		Memiliki tujuan	Puput lan Arini aran tuku jajan mulane bisa nyelengi	B5		
			Yatno lan kancane ajar ciblungan merga arep milu lomba	B13		
		Kreativitas	Proses gawe dhongkar Puter Kayun	B7		
			Rara seru omese nganggo paran hang ana kanggo ngiseni genthong banyu	B14		
			Wijine asem dienggo memengan	B16		
			Gawe barong-barongan merga mari ndileng arak-arakan baronge lare sunat	B18		
			Gawe tembung teka pecakane kertas	B19		
		5.	Kesesuaian	Patuh	Nuri nurut nyang perintahe emake kanggo ngentasi pepeyan lan ngeteraken kelemben nyang umah Mbok Tutik	B9
		6.	Tradisi	Merawat tradisi	Arep mangkat nyang selamatan Tumpeng Sewu	B4
Milu arak-arakan endhog-endhogan	B10					
Nyepakakaken werngade Adat Barikan	B11					
Memengan angklung paglak	B12					
Muna dadi gandrung nduduhaken urmate kelawan ngerumati	B17					
Taat beragama	Mulih kanggonc ngaji wayah emeh maghrib			B8		

2022



2023



Samak Buku-bukune:




**BUKU-BUKU CERITA ANAK DWI BAHASA
USING INDONESIA
BBP JAWA TIMUR 2024**

DAPFTAR WACANAN:

Schwartz, S. H. (2012). An Overview of the Schwartz Theory of Basic Values. *Online Readings in Psychology and Culture*, 2(1), 1–20. <https://doi.org/10.9707/2307-0919.1116>

Isenana pitakonan hang nengen lan mengisor, kelawan nulis ring kothak hang wis ana!



NENGEN

- 1. Embok/kakange emak utawa apak, celukane
- 6. Inggris : Chili. Using =
- 8. Lambene sigar
- 9. Indonesia : Ranum. Using =
- 12. Kembang Kecombrang
- 14. Embah =
- 15. Rumat = ...

MENGISOR

- 2. Anang =
- 3. Nyulepaken winih pari ring kedhokan, melakune mundur
- 4. Sentor hang kebaraken nggarahi
- 5. Nam-naman jajang hang diweladi, *kerucut* diindhel ndhuwure dandang.
- 7. Indonesia = Cekatan. Using =
- 9. Indonesia = Tuang. Using =
- 10. Indonesia = Busa. Using =
- 11. Gembel uwohe belimbing, diarani
- 13. Indonesia = Sampul. Using =

BALAI BAHASA JAWA TIMUR

